Bible. Matthew. Wolof. (1906)

# LINJIL

# I

# YESU KRISTA

## SUÑU BOROM BI

BRITISH AND FOREIGN BIBLE SOCIETY
146 QUEEN VICTORIA STREET, LONDON, E.C.
1906

Digitized by Google

Original from
HARVARD UNIVERSITY

2235.9.12

Harvard College Library
Sept. 23, 1910
Gift of the
British & Foreign Bible Society

# GOSPEL OF ST. MATTHEW

# IN JOLOF.

Digitized by Google

Original from
HARVARD UNIVERSITY

# MBINDA

I

# MATTHEW.

## SAR 1

1 Tēre' toflante i gir i Yesu Krista, dōm i
Dauda, dōm i Ibrayuma.
2 Ibrayuma jur on na Isaka; Isaka jur
Yanḥoba; Yanḥoba jur Judah ak i dōm i
bay am;
3 Te Judah jur Perez ak Zerah cha Tamar;
Perez jur Hezron; Hezron jur Ram;
4 Te Ram jur Amminadab; Amminadab
jur Nahshon; Nahshon jur Salmon;
5 Te Salmon jur Boaz cha Rahab; Boaz
jur Obed cha Ruth; Obed jur Jesse;
6 Te Jesse jur bur Dauda; bur Dauda jur
Suleyman, chi ka nek' on jabar i Uriah;
7 Te Suleyman jur Rehoboam; Rehoboam
jur Abijah; Abijah jur Asa;
8 Te Asa jur Jehoshaphat; Jehoshaphat
jur Joram; Joram jur Uzziah;
9 Te Uzziah jur Jotham; Jotham jur Ahaz;
Ahaz jur Hezekiah;



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

10 Te Hezekiah jur Manasseh; Manasseh
jur Amon; Amon jur Josiah;
11 Te Josiah jur Jechoniah ak i dōm i bay
am, cha jamāno ja ñu len gadaylo won fa
Babylon:
12 Ganou ba ñu len yubu on fa Babylon,
Jechoniah jur Shealtiel; Shealtiel jur Zerub-
babel;
13 Te Zerubbabel jur Abiud; Abiud jur
Eliakim; Eliakim jur Azor;
14 Te Azor jur Sadoc; Sadoc jur Achim;
Achim jur Eliud;
15 Te Eliud jur Eleazar; Eleazar jur
Matthan; Matthan jur Yanḫoba;
16 Te Yanḫoba jur Yusufa jekar i Mariama,
ka nek' on ndey i Yesu, ka ñu tūda Krista.
17 Ḫêt ya yepa mbōk cha Ibrayuma be cha
Dauda fuk' i ḫêt la ak ñenent; te cha Dauda
be cha ngaday ga fa Babylon fuk' i ḫêt la ak
ñenent; te cha ngaday ga fa Babylon be chi
Krista fuk' i ḫêt la ak ñenent.
18 Njūdu' Yesu Krista nile la won: Ba ndey
am Mariama nangulante Yusufa, ba mu lāta
sey ak mōm, fêñu on na ak bir chi Nḫel mu
Sela ma.
19 Yusufa jekar am, nek' on ku jūb, te
nangôdi ndig wone ko chi biti, bug' on na ko
fase chi kumpa.
20 Wande ba mu ḫalāte yef yile, malāka
i Borom bi fêñu ko chi gēnta, ne ko, Yusufa,
dōm i Dauda, bul ragal a sey ak Mariama,
ndege li chi bir am chi Nḫel mu Sela ma
la juge.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

21 Di na jur dōm ju gōr, te na nga ko tūde
Yesu, ndege mō di musali mḅōtay am chi sēn
i bakar.
22 Yile yepa am on na ndaḥ la Borom bi
waḥ on chi yonent ba motaliku, ne,
23 Ḥēk ba di na bir, te jur dōm ju gōr, te
di nañu ko tūde Emmanuel; mu tiki, Yalla
and' ak ñun.
24 Yusufa jog chi nelou, def la ko malāka
i Borom bi ebal on, te jel ko jabar:
25 Ḥamu ko be ba mu jure tau am, ba mu
tūde Yesu.

## SAR 2

1 Ba Yesu jūdo cha Bethlehem i Judæa,
chi bes i Herod bur ba, i borom-ḥamḥam juge
on nañu cha Penku, ñou chi Jerusalem,
2 Ne, Ana ki jūdu Bur i Yauod ya? Ndege
gis on nañu bidiw am cha Penku, te dika nañu
ndaḥ ñu jāmu ko.
3 Ba Herod bur ba dēge lōla, mu jāḥle,
mōm ak Jerusalem yepa.
4 Ba mu dajale i njīt i seriñ ya ak i bindānkat
i nit ña, mu lāj len fu Krista war a jūdu.
5 Nu ne ko, Chi Bethlehem i Judæa;
ndege yonent ba bind' on na, ne,
6 Te you Bethlehem, suf i Judah, du yā
gen a tut chi i dek' i Judah; ndege chi you
la njīt di jugeji, ka di sama suma mbōtay
Israel.
7 Herod nak, ba mu ôe borom-ḥamḥam ya



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

chi kumpa, mu lāj len bu bāh̤ wan wah̤tu la bidiw ba fêñ on.

8 Mu yōni len fa Bethlehem, ne, Dem len, te ūt gūne ga bu bāh̤; su ngēn ko gise, delusi len te wah̤ ma ko, ndah̤ man itam ma jāmuji ko.

9 Ba ñu dēge bur ba, ñu dem; te bidiw ba ñu gis on cha Penku, jītu len, be ba mu tah̤oue cha kou bereb ba gūne ga neka.

10 Ba ñu gise bidiw ba, ñu banēh̤u ak banēh̤ gu rey lol.

11 Ba ñu h̤arafe cha nēg ba, ñu feka gūne ga ak Mariama ndey am; ñu sūka te jāmu ko; ñu ūbi sēn i wah̤ande, te jebal ko i maye: wurus, fufata, ak mira.

12 Te *Yalla* yēgal on na len chi gēnta, ne bu ñu delu fa Herod; mōtah̤ ñu ñibi sēn deka cha wenen yōn.

13 Ba ñu dem on, malāka i Borom bi fêñu Yusufa chi gēnta, ne, Jogal, jelal gūne gi ak ndey am, te dou cha Mesara, te jēki fa be ba ma la cha ôe, ndege Herod di na ūt gūne gi ndah̤ mu rēylu ko.

14 Mu jog, jel gūne ga ak ndey am chi gudi, te dem cha Mesara:

15 Mu neka fa be ba Herod dēe, ndah̤ la Borom bi wah̤ on cha yonent ba motaliku, ne, Cha Mesara lā ôe suma dōm.

16 Herod nak, ba mu gise ne borom-h̤amh̤am ya nah̤ nañu ko, mu mer lol; mu yōne, te rēyat h̤alel yu gōr ya yepa ñu nek' on cha Bethlehem, ak cha mpega ya, ñu am on ñar i at ak lu gen a new, naka cha wah̤tu wa mu lājte on borom-h̤amh̤am ya.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

17 Lōgale motali na la Jeremiah wah̤ on,
ne,
18 Chi Ramah la ñu dēg' on ab h̤āchu, joy
ak yuh̤u gu rey, Rachel di joy ndig i dōm am,
te bañ a jāleū, ndege da ñu dē.
19 Wande ba Herod dēe, malāka i Borom
bi fêñu Yusufa chi gēnta cha Mesara,
20 Ne, Jogal, jelal gūne gi ak ndey am, te
dem cha suf i Israel; ndege ña ūt on bakan
i gūne gi dē nañu.
21 Mu jog, jel gūne ga ak ndey am, te
delusi cha suf i Israel.
22 Wande ba mu dēge ne Archelaus ngūru
chi bereb i bay am Herod, mu ragal a dem
fōfa; te ba ko *Yalla* yēgale chi gēnta, mu dem
cha wet i Galilee,
23 Te ñou, deka chi rew mu tūda Nazareth:
ndah̤ la yonent ya wah̤ on motaliku, ne, Di
nañu ko tūde Nazarene.

## SAR 3

1 Chi bes yōyale la John Batisekat ba ñou
on, di wāre cha manding i Judæa, ne,
2 Rēchu len, ndege ngur i ajana jegeñsi na.
3 Kile mō di ka Isaiah yonent ba wah̤ on,
ne, Bāt i kena di h̤āchu chi manding ma, ne,
Wājal len yōn i Borom bi, defar len i yōn am
ñu tali.
4 John nak mō sol on nchangay i kouar i
gelem, ak lah̤asay i der chi ndig am; te dundu
am njērer la won, ak lem i ala.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

5 Jerusalem, ak Judæa yepa, ak deka yu
jegeñ Jordan yepa, dem fa mōm,
6 Te mu batise len chi deh̤ i Jordan, ñu di
wējal sēn i bakar.
7 Wande ba mu gise jupa chi Pharisee ya
ak Sadducee ya di ñou chi batise am, mu ne
len, E h̤êt i ñangōr gi, kan a len yēgal ngēn
di ūt a rēcha chi mer mi di ñou?
8 Mēña len mbōk mēñef yu mot chi rēchu:
9 Te bu len dēfe ne chi sēn bopa, Am nañu
Ibrayuma mu di suñu bay; ndege mangi len
di wah̤, ne Yalla mun na chi h̤êr yile sah̤ gēne
chi i dōm i Ibrayuma.
10 Te nistey teg nañu semiñ wi chi rēn i
garap ya; garap gu neka mbōk gu mēñul dōm
yu bāh̤, di nañu ko dog, te sani ko chi safara.
11 Mā len di batise chi ndoh̤ ndig rēchu;
wande mōm ka di topa chi man, mō ma gēti
kantan; daganu ma yubu i dal' am; mō len
di batiseji chi Nh̤el mu Sela ma ak safara;
12 Am na layu chi loh̤o am, te di na setali
boju am fou, te dajale dugup am chi sah̤a mi;
wande di na laka choh̤ ba chi safara su feyatil
muk.
13 Fōfale Yesu juge Galilee cha Jordan fa
John, ndah̤ mu batise fi mōm.
14 Wande John bañ ko, ne, Mā soh̤la batise
fi you; te yangi ñou fi man?
15 Yesu tontu ko, ne, Bul ko bañ lēgi, ndege
nōgu la ñu ela motali njūbay yepa. Nōgale
la bañatul.
16 Ba batise' Yesu mote, mu gēna chi ndoh̤
ma; nōn' ak nōna asaman si ūbiku chi mōm;



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

mu gis Nh̤el i Yalla di wacha chi melo i
mpetah̤, te dal chi kou am :
17 Te bāt juge cha asaman, ne, Kile mō di
suma Dōm ji ma sopa, chi mōm lā feka li ma
nêh̤ lepa.

## SAR 4

1 Fōfale la Nh̤el ma jīte Yesu cha manding
ma; ndah̤ Seytane fir ko.
2 Ganou ba mu ôre lu day na ñenent fuk'
i bechek ak ñenent fuk' i gudi, mu h̤īf.
3 Ba firkat ba ñoue fi mōm, mu ne, So de
Dōm i Yalla, na nga ebal h̤êr yile ñu neka
mburu.
4 Wande mu tontu, ne, Binda nañu, ne,
Nit du mburu reka la dunde, wande itam bāt
bu neka bu juge chi gemeñ i Yalla.
5 Seytane nak yubu ko fa deka bu sela ba,
teg ko cha kou puj i juma ja,
6 Te ne ko, So de Dōm i Yalla, chipālul chi
suf ; ndege binda nañu, ne, Dēnka na la i
malāk' am, te di nañu la yubu chi sēn loh̤o,
ndah̤ do fakatal sa tanka chi h̤êr.
7 Yesu ne ko, Binda nañu, nêti, Bul fir
Borom ba sa Yalla.
8 Seytane yubôti ko fa tūnda wu koue-koue,
te won ko i rew i aduna si yepa, ak sēn ndam ;
9 Te ne ko, Yef yōyu yepa lā la di may, so
sūke chi suma kanam, te jāmu ma.
10 Fōfale Yesu ne ko, Randu ma Seytane,
ndege binda nañu, ne, Na nga jāmu Borom ba
sa Yalla, te na nga ko topa, mōm reka.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

11 Fōfale Seytane bayi ko; i malāka dika,
te bukanēgu ko.
12 Ba mu dēge nak ne tej nañu John, mu
dem cha Galilee;
13 Te juge Nazareth, mu ñou deka chi
Capernaum, bu jegeñ gēch ga, chi wet i
Zebulun ak Naphtali:
14 Ndah̤ la Isaiah yonent ba wah̤ on mota-
liku, ne,
15 Suf i Zebulun ak suf i Naphtali, chi
yōn i gēch ga, ganou Jordan, Galilee i Gen-
tile ya;
16 Nit ña jēki on chi lendem gis nañu lêr
gu rey, te ña jēki on chi rew i dē ak takandēr
am, chi ñom la lêr joge.
17 Cha wah̤tu wōga Yesu dôr a wāre, ne,
Rēchu len: ndege ngur i ajana jegeñsi na.
18 Don na doh̤ cha tefes i Galilee, te mu
gis ñar i mboka, Simon ku tūda Peter, ak mag
am Andrew, di sani mbal cha gēch ga; ndege
nek' on nañu i mōl.
19 Mu ne len, Topa len ma, te di nā len
def i mōl i nit.
20 Ñu wocha mbal ya chi tah̤ouay, te
topa ko.
21 Bu mu fa juge, mu gis yenen i mboka,
James dōm i Zebedee, ak rak' am John, chi
gāl ga, ak Zebedee sēn bay, di dāh̤ sēn i mbal;
te mu ô len.
22 Ñu dal di wocha gāl ga, ak sēn bay, te
topa ko.
23 Yesu dem cha bir Galilee yepa, di je-
mantale chi sēn i juma, di wāre linjil i ngur



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

gi, te di weral h̤êt i opa ju neka, ak hêt i janga-
ro ju neka chi digante nit ña.
24 Dēgdēg i tur am dem cha bir Syria yepa;
ñu yub ko nit ña op' on ñepa, ña jangaro ju mun
a don ak nchono jap' on, ak ña i jine jap' on,
ak ña say, ak ña lafañ, te mu weral len.
25 Mbōlo mu rey tope ko cha Galilee, ak
Decapolis, ak Jerusalem, ak Judæa, ak ganou
Jordan.

## SAR 5

1 Ba mu gise mbōlo ma, mu yēg cha kou
tūnda wa; ba mu tōge, tālube am ya ñou fi
mōm;
2 Mu ūbi gemeñ am, te jemantal len, ne,
3 Barkel cha ña sufelu chi fit; ndege ngur
i ajana di na len lew.
4 Barkel cha ña nah̤arlu; ndege di nañu
dalal sēn h̤ol.
5 Barkel cha ñu lew ña; ndege di nañu
mōmi aduna si.
6 Barkel cha ña di h̤īf te mar chi njūbay;
ndege di nañu doylu.
7 Barkel cha ña am yermande; ndege di
nañu joti yermande.
8 Barkel cha ña set chi h̤ol; ndege di nañu
gis Yalla.
9 Barkel cha i defarkat i jama ña; ndege
di nañu len tūde i dōm i Yalla.
10 Barkel cha ña getenu ngir njūbay; ndege
ngur i ajana di na len lew.
11 Barkel chi yēn su ñu len di h̤as, te



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

geten len, te sos lu bon yepa chi yēn ndig
man.
12 Banēḥu len, te kontan len lol; ndege
sēn yōl rey na cha ajana; ndege nōgu la ñu
geten on yonent ya len jītu on.
13 Yēn a di soḥmat i aduna si; wande su
soḥmat ñake nchafo am, lu ñu ko safaleti?
Dōtul jeriñ dara lul sani ko chi biti, te nit
degat ko chi suf.
14 Yēn a di lêr i aduna si. Deka bu ñu teg
chi kou tūnda, munul a nubu.
15 Ken du tāl nītu, te def ko chi run ndap,
wande chi kou nītukay, te di na lêral ña chi
bir nēg ba ñepa.
16 Na sēn lêray mbōk tāka chi kanam i nit,
ndaḥ ñu gis sēn i jef yu bāḥ, te di magal sēn
Bay ba cha ajana.
17 Bu len dēfe ne da ma dika fanḥasi yōn
wa ak lu yonent ya waḥ on; diku ma fanḥasi
wande motalisi.
18 Ndege chi dega mangi len di waḥ, Be
bu ajana ak suf di wey, dara du wey chi yōn
wa muk, be yepa motaliku.
19 Ku mu mun a don mbōk ku di moy bena
chi eble yile bu gen a tūt, te jemantal nit ña
nogule, di nañu ko tūdeji ka gen a new ñepa
chi ngur i ajana; wande ku len di def te
jemantal len, di nañu ko tūdeji ku rey chi
ngur i ajana.
20 Ndege mangi len di waḥ, Su sēn njūbay
sutule njūbay i bindānkat ya ak Pharisee ya,
du len ḥaraf chi ngur i ajana muk.
21 Dēga ngēn ñu waḥ on nit i ḥāt ya,



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

Bulu rēy; te ku di rēy mungi chi tafār
i ate:
22 Wande mangi len di waḥ, Ku di mere
morom am, mungi chi tafār i ate; te ku ne
morom am, Dof bi, mungi chi tafār i ate bu
rey; wande ku ne, Ēfar bi, di na neka chi
tafār i safara' nāri.
23 Mōtaḥ so di jebale sa maye cha lotel ba,
te fataliku fōfa ne sa morom am na amle ak
you,
24 Na nga fa bayi sa maye cha lotel ba, te
dem jeka marale ak sa morom; cha ganou ga
delusil, jebal sa maye.
25 Goual a mar ak sa mbañ naka nga neke
chi yōn wa ak mōm; lu dul lōga mbañ ma di
na la joḥe chi atekat ba, te atekat ba di na la
joḥe chi otukat ba, te mu tej la chi kaso.
26 Chi dega mangi la di waḥ, Do fa gēna
muk, be nga fey kopar bu muje ba.
27 Dēga ngēn ñu waḥ on nit i ḥāt ya, Bul
njālo:
28 Wande mangi len di waḥ, Ku sêt jigen
te ḥemem ko, nistey njālo na ak mōm chi
ḥol am.
29 Su la sa but i ndējor moylô, loḥati ko,
te sani ko; ndege gen na bena chi sa cher rēr,
te du sa yaram yepa di tabi chi nāri.
30 Te su la sa loḥo' ndējor moylô, dog ko,
te sani ko; ndege gen na bena chi sa cher rēr,
te du sa yaram yepa di tabi chi nāri.
31 Waḥ nañu itam, ne, Ku fase ak jabar
am, na ko joḥ mbinda i mpase:
32 Wande mangi len di waḥ, Ku fase ak



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

jabar am, lu moy mu di chi njālo, tah̤ na ko
mu njālo; te ku sey ak mōm ka ñu fase,
njālo na.
33 Dēga ngēn ñu wah̤ on nit i h̤āt ya, Bulu
leka ngeñ, wande motali ko chi Yalla:
34 Wande mangi len di wah̤, Bu len geñ
muk; bu mu di cha ajana, ndege mō di
gangūne' Yalla;
35 Wala chi suf si, ndege mō di degukay i
tank' am; wala cha Jerusalem, ndege mō di
rew um Bur bu rey ba.
36 Bul geñ itam chi sa bopa, ndege munu
la wêh̤al bena kouar, mbāte ñulal ko.
37 Wande na sēn wah̤ di, Wau, wau;
Dēt, dēt; ndege lu upa yile chi lu bon la
juge.
38 Dēga ngēn ñu wah̤, ne, But ak but, buñ
ak buñ:
39 Wande mangi len di wah̤, Bu len findu
lu bon, wande ku la dōr chi sa leh̤ i ndējor,
sopalil benen bi itam.
40 Te su la kena yubo chi yōn ndah̤ mu jel
sa chol, bayi ko mu jel sa mbūba itam.
41 Te ku la buga jeñ nga gūnge ko fu
sorey, gūnge ko fu sorey-sorey.
42 Mayal ku la dagān, te bul gantu ku la
buga aba.
43 Dēga ngēn ñu wah̤, ne, Na nga sopa sa
morom, te sib sa mbañ.
44 Wande mangi len di wah̤, Sopa len sēn i
mbañ, te ñānal len ña len di geten;
45 Ndah̤ ngēn mun a neka sēn i dōm i Bay
ba cha ajana; ndege mō fenkalo janta am cha



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

kou ña bāh̤ ak ña bon, te di tou cha kou ña jūb ak ña jūbadi.

46 Ndege su ngēn sope ña len sopa dal, ban yōl ngēn di am? Publican ya sah̤ du ñu def nōgule am?

47 Te su ngēn noyo sēn i mboka dal, chi lan ngēn upale ñenen? Gentile ya du ñu def nōgule am?

48 Di ngēn mot mbōk, naka sēn Bay ba cha ajana mote.

## SAR 6

1 Otu len ngēn def sēn i jef yu bāh̤ chi kanam i nit ndah̤ ñu gis len, mbāte du len am yōl chi sēn Bay ba cha ajana.

2 So di sarah̤e mbōk, bul buftalo chi sa kanam, naka nafeh̤a ya di def chi juma ya ak mbeda ya, ndah̤ ñu am teranga chi nit. Chi dega mangi len di wah̤, Am nañu sēn yōl.

3 Wande so di sarah̤e, bul sa loh̤o' chamoñ h̤am lu sa loh̤o' ndējor di def:

4 Ndah̤ sa sarah̤ di nubu, te sa Bay ki di gis lu nubu, di na la yōl.

5 Su ngēn di ñān, bu len def niki nafeh̤a ya: ndege sopa naño tah̤ou di ñān chi juma ya ak chi mbeda ya, ndah̤ nit gis len. Chi dega mangi len di wah̤, Am nañu sēn yōl.

6 Wande you, so di ñān, dugal chi sa bir nēg, te ba nga teje bunta ba, ñānal sa Bay ki chi nubu; te sa Bay ki di gis lu nubu, di na la yōl.

7 Te su ngēn di ñān, bu len wah̤ati bāt i



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

nēn niki ña h̤amul Yalla; ndege dēfe nañu ne
di nañu len dēga ndig sēn bāt yu bare.
8 Mōtah̤ bu len niro ak ñom; ndege sēn
Bay a h̤am lu ngēn soh̤la bala ngēn ko
ñān.
9 Ñān len mbōk nile: Suñu Bay ba cha
ajana, Na sa tur sela;
10 Na sa ngur dika; Lo buga na am chi
suf naka cha ajana;
11 May ñu tey suñu dundu gir gu neka;
12 Te baal ñu suñu i bakar, naka ñu baale
ña ñu tōñ;
13 Te bu ñu bayi ñu tabi chi bulis, wande
musal ñu chi lu bon.
14 Ndege su ngēn baale nit sēn i tōñ, sēn
Bay ba cha ajana di na len baal itam:
15 Wande su ngēn baalule nit sēn i tōñ, sēn
Bay du len baal sēn i bakar.
16 Su ngēn di ôr, bu len am kanam gu dīs
niki nafeh̤a ya; ndege di nañu ñaulo sēn i
kanam ndah̤ nit ña gis ne ñunge ôr. Chi
dega mangi len di wah̤, Am nañu sēn yōl.
17 Wande you, so di ôr, diwal sa bopa te
selem sa h̤ar-kanam;
18 Ndah̤ do mel naka ku di ôr chi nit,
wande chi sa Bay ki chi nubu; te sa Bay ka
gis lu nubu, di na la yōl.
19 Bu len dajale alal chi aduna si, fa gasah̤
ak h̤omak di yah̤a, te fa i sachakat di daji te
sach̤a:
20 Wande dajale len alal cha ajana, fa
gasah̤ ak h̤omak dul yah̤a, te fa i sachakat dul
daji, mbāte sacha:



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

21 Ndege fa sa alal neka, fōfale la sa h̤ol
jem itam.
22 Nītu i yaram wi mō di but; mōtah̤ su sa
but were cheng, sa yaram yepa di na fês ak
lêr;
23 Wande su sa but werule, sa yaram yepa
di na fês ak lendem. Mōtah̤ su lêr gi neke
chi you lendeme, naka la lendem gōgale di
reye!
24 Ken munul a jāmu ñar i borom: ndege
di na bañ kena, te sopa kenen; mbāte di na
topa kena, te jēpi kenen. Munu len a jāmu
Yalla ak alal.
25 Mōtah̤ ma ne len, Bu len getenu ndig
sēn dunda, di h̤alāt lan ngēn di leka, mbāte
lan ngēn di nān; mbāt chi sēn yaram, di
h̤alāt lan ngēn di sāngu. Du dunda gi mō
gen leka, te yaram wi mō gen nchangay?
26 Sêtlu len i mpich' i asaman si; ndege du
ñu ji, du ñu gōb, du ñu dajale chi i sah̤a; te
sēn Bay ba cha ajana angi len di dundal. Mo,
du yēn a len gen fuf?
27 Kan chi yēn a mun a doli bena h̤asab
chi guday am ndig jāh̤le am?
28 Te lutah̤ ngēn getenu ndig nchangay?
Sēntu len tōrtōr i tōl yi naka ñu sah̤e; du ñu
ligey, du ñu echa;
29 Te mangi len di wah̤, ne Suleyman sah̤
chi tār am yepa sānguwul on na bena chi
ñom.
30 Wande su Yalla sānge nōgule ñah̤ i tōl
mi neka tey, te su elege ñu sani ko chi tāl,
du len gen a sānga'm, yēn nit i ngum gu new?



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

31 Mōtah̤ bu len getenu, ne, Lu ñu di leka,
lu ñu di nān, lu ñu di sāngo ?
32 Ndege yef yile yepa la Gentile ya di ūt :
ndege sēn Bay ba cha ajana h̤am na ne soh̤la
ngēn yef yile yepa.
33 Wande ūt len jeka ngur um Yalla ak
njūbay am, te yile yepa di na len ko doli itam.
34 Bu len getenu mbōk ndig elek, ndege
elek di na indi jāh̤le am. Ngeten i gir gu
neka doy na chi bop' am.

## SAR 7

1 Bu len di ate, ndah̤ kena du len ateji.
2 Ndege ate bu ngēn ate ñenen, di nañu len
ko ateji ; te natu bu ngēn di natale, mōm sah̤
la ñu len di nataleji.
3 Lu elal nga di nimeku felah̤ bi chi sa but
i morom, te do gis lā bi chi sa but ?
4 Wala naka nga wah̤e sa morom, ne, Bayi
ma ma dindi felah̤ bi chi sa but, te lā'ngi chi
sa but sah̤ ?
5 Mīkar bi, dindil jeka lā bi chi sa but,
te ganou ga di nga gis bu set ndah̤ nga mun
a dindi felah̤ ba chi sa but i morom.
6 Bu len joh̤ la sela h̤aj ya, te bu len sani
sēn i takay chi kanam i mbām ; ndig so otuwul
di nañu len degat chi sēn run tanka, te wal-
bataku h̤oti len.
7 Lāj len, te di nañu len may ; ūt len, te di
ngēn gis ; foga len, te di nañu len ūbi :
8 Ndege ku mu mun a don ku lāj, di na



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

am ; te ku ūt, di na gis ; te ku foga, di nañu
ko ūbi.

9 Kan chi yēn, su ko dōm am lāje mburu,
mu may ko doch ?

10 Wala su ko lāje jen, mu may ko jān ?

11 Yēn ñi bon nak, su ngēn h̤ame may sēn
i dōm yef yu bāh̤, as sēn Bay ba cha ajana di
na may ña ko lāj yef yu bāh̤ ?

12 Mōtah̤ lu ngēn buga lepa nit di len ko
defal, yēn itam na ngēn ela defal ñenen : ndege
bile di yōn wi ak yonent ya.

13 H̤araf len chi bunta bu h̤ocha ba : ndege
bunta ba yā na, te yōn wa jublu chi sankute
yātu na, te bare na ñu cha tabi :

14 Ndege bunta ba h̤ocha na, te yōn wa
jublu chi dunda h̤at na, te ñu new a ko gis.

15 Otu len i yonent i nafeh̤a ya, di ñou fi
yēn chi nchangay i nh̤ar, wande chi bir ño di
buki yu fuh̤ale.

16 Di ngēn len h̤am chi sēn i mēñef.
Ndah̤ nit di na dajale i dōm i garap i biñ chi i
dek, mbāt i sōto chi i h̤āh̤am ?

17 Nōgu itam garap gu bāh̤ gu neka di na
mēña mēñef bu bāh̤ ; wande garap gu bon di
na mēña mēñef bu bon.

18 Garap gu bāh̤ munul a mēña mēñef bu
bon, te garap gu bon munul a mēña mēñef
bu bāh̤.

19 Garap gu neka gu mēñul mēñef bu bāh̤,
di nañu ko gor, te sani ko chi safara.

20 Di ngēn len h̤am mbōk chi sēn i mēñef.

21 Du ku neka ku ma wah, ne, Borom bi,
Borom bi, di na h̤araf chi ngur i ajana ; wande



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

ka def suma mbugel i Bay ba cha ajana mōm
reka.
22 Ñu bare di nañu ma wah̤ chi bes bōbale,
Borom bi, Borom bi, ndah̤ wareū ñu on chi
sa tur, te chi sa tur ñu dah̤' i jine, te chi sa
tur ñu def koutef yu bare ?
23 Fōfale di nā len yēgal, ne, Mosu ma len
a h̤am ; randu len ma, yēn ña def lu bon.
24 Mōtah̤ ku mu mun a don ku dēga suma
i bāt yile, te def len, di na niro ak nit i sago,
ka tabah̤ nēg am chi kou doch :
25 Tou ba dal, wame wa buna, ngelou la
ñou, te dal chi kou nēg bōbale ; wande dānu-
wul ; ndege chi doch la sampu.
26 Te ku mu mun a don ku dēga suma i
bāt yile, te defu len, di na niro ak nit ku ñaka
sago, ka tabah̤ nēg am chi kou banh̤aleñ :
27 Tou ba dal, wame wa buna, ngelou la
ñou, te dal chi kou nēg bōbale ; mu maba ;
maba gu rey.
28 Am on na ba Yesu sotale bāt yile, mbōlo
ma jomi chi njemantal am :
29 Ndege jemantal on na len naka ku am
sañsañ, te nekul naka sēn i bindānkat.

## SAR 8

1 Ba mu wache cha tūnda wa, mbōlo mu
rey top' on nañu ko.
2 Ab gāna ñou fi mōm, te ñān ko, ne,
Borom bi, su la nêh̤e, mun nga ma setal.
3 Yesu talal loh̤o am, te lāl ko, ne, Di



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

nā tah̤ nga set. Chi tah̤ouay ba mu dal
di wer.
4 Yesu ne ko, Otul te bu ko wah̤ ken ; wande
demal wone sa bopa seriñ ba, te jebale maye
ga Musa eble won, ndig sēde chi ñom.
5 Ba Yesu h̤arafe chi Capernaum, bena
saltige ñou fi mōm, te dagān ko,
6 Ne, Borom bi, suma bukanēg anga teda
cha ker, lafañ, te sona bu miti.
7 Yesu ne ko, Di nā dika te weral ko.
8 Saltige ba tontu ko ne, Borom bi, daganu
ma nga h̤araf chi suma nēg ; wande wah̤al bāt
bi reka, te suma bukanēg di na wer.
9 Ndege nit lā ku neka chi run i kēlifa, te am
nā i h̤arekat ya ma ēlif ; te ku ma cha ne,
Demal, mu dem ; te ku ma cha ne, Ñoual, mu
ñou ; suma jām, Defal lile, mu def ko.
10 Ba ko Yesu dēge, mu jomi, te ne ña ko
top' on, Chi dega mangi len di wah̤, mosu
ma feka ngum gu nu day, dēt, du chi Israel.
11 Te ma ne len, ñu bare di nañu jugeji
cha Penku ak H̤arfu, te jēki ak Ibrayuma ak
Isaka ak Yanh̤oba chi ngur i ajana ;
12 Wande i dōm i ngur ga, di nañu len
tabal chi lendem i biti ; fōfale la joy di neka
ak yey i buñ.
13 Yesu ne saltige ba, Demal sa yōn, naka
nga gume, na ame nōgu chi you. Bukanēg
am dal di wer cha wah̤tu wōwale.
14 Ba Yesu h̤arafe chi nēg i Peter, mu gis
goro am teda, opa ak fēbar.
15 Mu lāl loh̤o am, te fēbar ba bayi ko ; mu
jog te bukanēgu ko.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

16 Ba ngon jote, ñu yub ko ña i jine jap'
on, te mu gēne malāka yu bon ya chi ñom chi
bāt am, te weral ña jēr on ñepa:
17 Ndah̤ la Isaiah yonent ba wah̤ on mota-
liku, ne, Mō jel on suñu munadi, te yubu on
suñu i jangaro.
18 Yesu nak ba mu gise mbōlo mu rey
chi kanam am, mu eble ñu jala cha genen
wet ga.
19 Bena bindānkat ñou, ne ko, Jemantalkat
bi, di nā la topa fo mun a dem.
20 Yesu ne ko, Ntila yi am nañu i mpah̤, te
mpich' i asaman si am nañu i taga, wande
Dōm i nit ka amul fu mu tedal bop' am.
21 Kenen chi tālube ya ne ko, Borom bi,
bayi ma ma jeka dem te sūl suma bay.
22 Wande Yesu ne ko, Topa ma, te bayi ñu
dēle ña ñu sūl sēn ñu dē.
23 Ba mu duge chi gāl, i tālube am topa ko.
24 Ngelou lu rey jog cha gēch ga, be gāl ga
muro ak dūs ya; wande mu don nelou.
25 Ñu ñou fi mōm, te ê ko, ne, Borom bi,
musal ñu: ñunge sanku.
26 Mu ne len, Lutah̤ ngēn ragal, yēn nit i
ngum gu new? Fōfale mu jog, te eda ngelou
ya ak gēch ga; mu dal be ne nem.
27 Nit ña jomi, ne, Ban melin i nit a di
kile, be ngelou li sah̤ ak gēch gi di ko dēgal!
28 Ba mu age cha genen wet, chi bir
rew i Gadarene ya, ñar i nit ñu i jine jap' on
feka ko, di juge cha bamel ya, te ñu soh̤or lol,
be ken munul a jār yōn wōwale.
29 Ñu h̤āchu, ne, Lan la ñu jote ak you, you



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

Dōm i Yalla? Dā fi dika ndig geten ñu bala
wah̤tu wa jot?
30 Gēt' i mbām yu bare sorey on nañu fale
di far.
31 Te jine ya dagān ko, ne, So ñu gēnê, bayi
ñu ñu dem chi bir gēt' i mbām ya.
32 Mu ne len, Dem len. Ñu gēna cha nit ña,
te duga chi mbām ya: gēta ga yepa dou ak
dōle chi kou bereb bu koue di jem chi gēch ga,
ñu rēr chi ndoh̤ ma.
33 Ña len don sama dou, dem chi bir
deka ba, te wah̤ lu neka, ak lu jot nit ña
jine jap' on.
34 Deka ba yepa gēna gatanduji Yesu;
te ba ñu ko gise, ñu dagān ko mu gēna chi
sēn rew.

## SAR 9

1 *Yesu* duga chi gāl, jala, te ñou chi
dek' am.
2 Ñu yub ko nit ku lafañ, teda chi lal: ba
Yesu gise sēn ngum, mu wah̤ ku lafañ ka, ne,
Suma dōm, na sa h̤ol dal; baal nañu la sa i
bakar.
3 Ñena cha bindānkat ya ne chi sēn h̤ol,
Nit kile tedadil na *Yalla*.
4 Yesu h̤am sēn i h̤alāt, te ne len, Lutah̤
ngēn di h̤alāt lu bon chi sēn i h̤ol?
5 Lan a chi gen a yomba wah̤, ne, Baal
nañu la sa i bakar; wala ne, Jogal, te doh̤?
6 Wande ndah̤ ngēn mun a h̤am ne Dōm i
nit ka am na chi suf sañsañ di baale i bakar,



Digitized by Google
Original from HARVARD UNIVERSITY

(fōfale mu ne ku lafañ ka,) Jogal, gadul sa lal
te dem chi sa ker.
7 Mu jog, te dem cha ker am.
8 Wande ba mbōlo ma gise lōla, ñu ragal,
te magal Yalla, ki may nit gōgu kantan.
9 Ba Yesu juge fōfale, mu gis nit ku tūda
Matthew, mu di tōg cha galakukay ba: mu
wah̤ ko, ne, Topa ma. Mu jog, te topa ko.
10 Am on na, ba Yesu tōge di leka cha nēg
ba, publican yu bare ak i bakarkat ñou, te
tōg ak mōm ak tālube am ya.
11 Ba Pharisee ya gise lōla, ñu ne i tālube
am, Lutah̤ sēn Borom di leka ak i publican
ak i bakarkat?
12 Wande ba mu ko dēge, mu ne len, Ña
wer soh̤lañ ñu fajkat, wande ña opa.
13 Wande dem len te jemantu lu lile tiki,
Yermande lā buga as h̤arfan: ndege diku ma
ô ñu jūb ña, wande i bakarkat.
14 Fōfale i tālube i John ñou fi mōm, ne,
Lutah̤ ñu di faral a ôr, ak Pharisee ya, te sa i
tālube du ñu ôr?
15 Yesu ne len, I mbok' i nēg i borom-
chēt ga, ndah̤ mun naño nah̤arlu ba borom-
chēt ga neke ak ñom? Wande jamāno di na
diki ba ño fabi borom-chēt ga cha ñom; bō-
bale di nañu ôri.
16 Ken du dāh̤e nchangay lu maget ak lu
deger, ndege la ñu jel dāh̤e ko di na h̤oti
nchangay la, te h̤otiku ba di na gen a
rey.
17 Du ñu def itam biñ bu ês chi mbūs yu
maget: wala mbūs ya h̤ar, biñ ba tūru, te



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

mbūs ya yah̤u: wande di nañu def biñ bu ês
chi mbūs yu ês, te ñar ña dēnchu.
18 Ba mu len wah̤andô yef yile, bena kēlifa
ñou, te dagān ko, ne, Nistey suma dōm ju
jigen dē na; wande ñoual, teg sa loh̤o chi
kou am, te di na dundati.
19 Yesu jog, ak i tālube am, te topa ko.
20 Jena jigen, ku am on h̤up i deret fuk' i
at ak ñar, ñou chi ganou am, te lāl mbichirān
i mbūba'm:
21 Ndege wah̤ na chi h̤ol am, ne, Su ma
lāle mbūba'm reka, di nā wer.
22 Wande Yesu woñaku, te ba mu ko gise,
mu ne, Dōm ju jigen ji, na sa h̤ol dal; sa
ngum weral na la. Jigen ja dal di wer cha
wah̤tu wōwale.
23 Ba Yesu ñoue chi bir nēg i kēlifa ba, te
gis lītkat ya ak nit ña di jāle,
24 Mu ne len, May len ma yōn: ndege
janh̤a bi dēul, wande defa nelou. Ñu rê ko
bu jēpi.
25 Wande ba ñu gēnê mbōlo ma, mu h̤araf
cha bir, te japa loh̤o am; janh̤a ba jog.
26 Dēgdēg am dem cha bir rew mōma
yepa.
27 Ba fa Yesu juge, ñar i silmah̤a topa ko,
di h̤āchu, ne, Amal yermande chi ñun, you
dōm i Dauda.
28 Ba mu ñoue chi bir nēg ba, silmah̤a ya
ñou fi mōm: Yesu ne len, Gum ngēn ne mun
nā def lile? Ñu ne ko, Wau, Borom bi.
29 Fōfale mu lāl sēn i but, ne, Naka sēn
ngum na ame nōgu chi yēn.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

30 Sēn i but ūbiku. Yesu artu len bu bāh̤
ne, Otu len bu ko kena yēg.
31 Wande ba ñu fa juge, ñu ēne tur am chi
rew mōma yepa.
32 Ba ñu gēne, ñu yub ko nit ku lū, ka
jine jap' on.
33 Ba mu gēnê jine ja, lū ba wah̤ : mbōlo
ma jomi, ne, Mosu ñu ko gise nile chi Israel.
34 Wande Pharisee ya ne, Chi bur i jine
ya la gēne jine yi.
35 Yesu dem cha rew ya ak deka ya yepa,
di jemantale chi sēn i juma, wāre linjil i
ngur gi, te weral ña opa ñepa, ak jarak ju
neka chi digante nit ña.
36 Wande ba mu gise mbōlo ma, mu yerem
len, ndege da ñu jāh̤le, te tasāro niki nh̤ar
yu amul samakat.
37 Fōfale mu wah̤ i tālube am, ne, Chi dega
ngōbte gi fūs na, wande ligeykat yi new
nañu ;
38 Mōtah̤ ñān len Borom i ngōbte gi, ndah̤
mu yōni i ligeykat chi ngōb am.

## SAR 10

1 Ba mu ôe fuk' i tālube am ak ñar, mu
may len kantan ñu dah̤a nh̤el yu sobe ya, te
weral ña opa ñepa, ak h̤êt i jarak ju neka.
2 Tūr i fuk' i tālube ak ñar yangile : Benel
bi, Simon ku tuda Peter, ak Andrew rak' am ;
James dōm i Zebedee, ak John rak' am ;
3 Philip, ak Bartholomew ; Thomas, ak



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

Matthew publican bi; James dōm i Alphæus,
ak Thaddæus;
4 Simon wā Canaan, ak Judas Iscariot, ka
ko or on.
5 Fuk' ak ñar ñile la Yesu yōni on, te ebal
len ne, Bu len dem chi yōn i Gentile ya, te bu
len ḥaraf chi dek' i Samaritan ya:
6 Wande dem len chi i nḥar i ker i Israel
yu rēr ya.
7 Te bu ngēn deme, wāre len, ne, Ngur i
ajana jegeñsi na.
8 Weral len ñu opa ña, setal len gāna ya,
dēkali len ñu dē ña, daḥa len i jine: ndig
dara ngēn ko ame, maye len ko ndig dara.
9 Bu len yubuāle wurus, mbāte ḥālis, mbāte
kopar chi sēn i nafa,
10 Mbāt mbūs ndig rūnga ma, mbāte ñar i
chol, mbāt i dala, mbāte doko: ndege ligeykat
yi ela nañu sēn leka.
11 Su ngēn ḥarafe chi rew wala deka, ūt
len ku fa dagan, te jēki fa be bu ngēn di
gēna.
12 Su ngēn ḥarafe chi nēg bi, noyu len.
13 Su nēg ba dagane, na sēn jama dika chi
ñom; wande su daganule, na sēn jama delusi
chi yēn.
14 Te ku len dul nangu, wala dēga sēn bāt,
bu ngēn di gēna cha nēg bōbale mbāte deka,
foga len sēn pund' i tanka.
15 Chi dega mangi len di waḥ, di na gene
dek' i Sodom ak Gomorrah chi kerog mpēnch'
um Yalla ma as deka bōbale.
16 Mangi len di yōni naka i nḥar chi



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

digante i būki : mōtaḫ na ngēn têylu naka i
jān, te lew naka i mpetaḫ.
17 Wande otu len nit, ndege di nañu len
têwlo chi i ndaje, te rataḫ len chi sēn i juma ;
18 Te di nañu len yubu chi kanam i kēlifa
ak i bur ngir man, ndig sēde chi ñom ak chi
Gentile ya.
19 Wande su ñu len di têwlo, bu len jāḫle
naka mbāte lan ngēn di waḫ ; ndege di nañu
len may lu ngēn di waḫ chi waḫtu wōwale.
20 Ndege du yēn a di waḫ, wande sēn Nḫel
i Bay ki di waḫ chi yēn.
21 Mag di na jebal rak' am ndaḫ mu dē, te
bay dōm am : i dōm di nañu or sēn i bay ak
sēn i ndey, te rēylu len.
22 Ñepa di nañu len sib ndig man ; wande
ku di muñ be cha muj ga mō di muchi.
23 Wande su ñu len getene chi deka bile,
dou len fa benen ; ndege chi dega ma ne len,
Du len won demi chi i dek' i Israel yepa be ba.
Dōm i nit ka di ñoui.
24 Tālube upul jemantalkat am, wala jām
upa borom am.
25 Doy na chi tālube mu neka naka jeman-
talkat am, te jām naka borom am. Su ñu ôe
borom-ker ga Abdujambar, naka ña mōmu chi
ker am !
26 Bu len len ragal mbōk ; ndege dara
muruwul lu dul muriku ; mbāte nubu, lu dul
fêñ.
27 Lu ma len waḫ chi lendem gi, waḫ len
ko chi lêr gi ; te lu ngēn dēga chi sēn nopa,
yēgal len ko chi kou nēg yi.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

28 Bu len ragal ña di rēy yaram wi, wande
munu ño rēy fit wi; wande ragal len ka mun
a yaḥa fit ak yaram itam chi nāri.
29 Ndaḥ ñar i mbelar du jar bena kopar?
Te bena du dānu chi suf te sēn Bay yēgu ko.
30 Wande sēn i kouar i bopa saḥ, woña
nañu len yepa.
31 Mōtaḥ bu len ragal; yēn a gen mbelar
yu bare.
32 Ku neka mbōk ku ma sēde chi kanam i
nit, mōm lā di sēdeji itam chi suma kanam i
Bay ba cha ajana.
33 Wande ku neka ku ma wēdi chi kanam
i nit, man itam di nā ko wēdiji chi suma
kanam i Bay ba cha ajana.
34 Bu len dēfe ne da ma ñou yōni jama chi
suf si: ñouū ma yōni jama, wande jāsi.
35 Ndege da ma ñou di munadilo gōr ak
bay am, te jigen ak ndey am, te dōm ju jigen
ak goro am gu jigen.
36 Te i mbañ i nit a neka cha bir nēg am.
37 Ku sopa bay am mbāte ndey am as man,
daganul chi man; te ku sopa dōm am ju gōr,
mbāte dōm am ju jigen as man, daganul chi
man.
38 Te ku gaduwul kura am te topa ma,
daganul chi man.
39 Ku ūt dund' am, di na ko rēr; te ku
rēral dund' am ngir man, di na ko gis.
40 Ku len nangu, man la nangu; te ku ma
nangu, nangu na ka ma yōni.
41 Ku nangu yonent chi tur i yonent, di na
am yōl i yonent; te ku nangu nit ku jūb



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

chi tur i nit ku jūb, di na am yōl i nit
ku jūb.
42 Te ku mu mun a don ku maye bena chi
ñu tūt ñile mbatu' ndoh̤ mu seda reka, chi tur
i tālube, chi dega mangi len di wah̤, du ñaka
yōl am.

## SAR 11

1 Am on na ba Yesu sotal on eble fuk' i
tālube am ak ñar ña, mu juge fa, ndah̤ mu
jemantale te wāre chi sēn i deka.
2 Ba John dēge chi tejukay ba i koutef i
Krista, mu yōne cha i tālube am;
3 Ñu ne ke, Ndah̤ yā di ki war a dika, am
war naño sēnu kenen?
4 Yesu tontu len, ne, Dem len, nitali John
li ngēn dēga, ak li ngēn gis;
5 Silmah̤a yange gis, lago yange doh̤, gāna
yange wer, teh̤ yange dēga, ña dē dēkaliku,
te ñunge wāre linjil bi chi miskin ya.
6 Te barkel chi ku dul feka fakatalu chi man.
7 Ba ñu deme, Yesu dal di ne mbōlo ma lu
jem chi John, Lan ngēn dem on cha manding
ma ndah̤ ngēn sêt? H̤īs bu di yengatu ak
ngelou lê'm?
8 Wande lan ngēn dem on ndah̤ ngēn sêt?
Nit ku sāngu chi nchangay lu noy am? Ña
sāngu chi nchangay lu noy angi chi i nēg
ī bur.
9 Wande lutah̤ on ngēn dem? sêt ab
yonent am? Wau, ma ne len, te ku upa
yonent.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

10 Kile mō di ka ñu bind' on, ne, Di nā yōni suma ndau chi sa kanam, ka di wāj sa yōn chi sa kanam.

11 Chi dega mangi len di wah̤, Ku gen a rey John Batisekat ba jugêngul cha ña judu chi jigen; wande ka gen a tut chi ngur i ajana, mō ko gen a rey.

12 Cha jamāno i John Batisekat ba bentey, chi nchouarte la ñu fab ngur i ajana, te ña souar japa ko.

13 Ndege yonent ya yepa ak yōn wa yēgle on nañu be cha John.

14 Te su ngēn ko buge nangu, kile di Elijah, ka war a ñou.

15 Ku am nopa yu mu dēge, na dēga.

16 Wande ak lan la h̤êt wile niro? Niro na ak h̤alel ñu jēki chi i ndaje, di h̤āchu chi sēn i mās,

17 Ne, Lītal nañu len, te fēchu len; yeremtu nañu, te joyu len.

18 Ndege John ñouūl on di leka wala di nān, te ñu ne, Anda na ak jine.

19 Dōm i nit ka ñou di leka te di nān, te ñu ne ko, Fuh̤alekat bi, ak nānkat i biñ bi, ak and' i publican yi ak bakarkat yi. Wande sago jubantiku na chi i jef am.

20 Fōfale mu dal di eda deka ya fa mu def on koutef am yu gen a bare, ndege da ñu rēchuwul.

21 Suboh̤un you Chorazin! suboh̤un you Bethsaida! ndege koutef ya ma def on chi yēn, su ñu len def on chi Tyre ak Sidon, rēchu kon nañu bu yāga chi sagar ak dōm i tāl.



Digitized by Google
Original from HARVARD UNIVERSITY

22 Wande mangi len di wah̤, Di na gen
chi Tyre ak Sidon chi kerog mpēnch' um
Yalla ma as yēn.
23 Te you Capernaum, mi yēkatiku cha
asaman, di nañu la sufel be chi nāri: ndege
koutef ya ma def on chi you, su ñu len def on
cha Sodom, kôn mu des bentey.
24 Wande mangi len di wah̤, Di na gen chi
reẅ i Sodom chi kerog mpēnch' um Yalla ma
as you.
25 Cha wah̤tu wōwale Yesu tontu, ne, Mangi
la gerem, Bay bi, Borom' asaman ak suf,
ndege nuba nga yef yile chi borom-h̤amh̤am
yi ak borom-sago yi, te fêñal len i gūne.
26 Na di nōgule, Bay bi, cha naka mu la
nêh̤e chi sa kanam.
27 Suma Bay jebal na ma yef yepa; te ken
h̤amul Dōm ji wande Bay bi; te ken h̤amul
Bay bi wande Dōm ji, ak ku Dōm ji nangu
mu h̤am ko.
28 Dikasi len fi man yēn ña lota te dīs ñepa,
te di nā len may noflay.
29 Enu len suma suf chi yēn, te jemantu
len chi man; ndege da ma lew, te sufelu chi
h̤ol; te di ngēn feka noflay chi sēn i fit.
30 Ndege suma suf yomba na, te suma en
oyof na.

## SAR 12

1 Cha jamāno jōjale Yesu jār on na cha tō
i mboh̤a ya chi bes i dimas; te i tālube am
h̤īf, dōr di budi i gub i mboh̤a ya, te di leka.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

2 Wande Pharisee ya ba ñu gise lōla, ñu
ne ko, Sêtal, sa i tālube ange def lu daganul
a def chi bes i dimas.
3 Wande mu ne len, Ndah̤ jangu len la
Dauda def on ba mu h̤īfe, ak ña and' on ak
mōm;
4 Na mu h̤arafe chi nēg i Yalla ba, te leka
mburu ma ñu dān wone, ma daganul on mu
leka, wala ña and' on ak mōm, wande seriñ
ya dal?
5 Jangu len itam chi mbinda yi naka seriñ
ya chi bes i dimas moy dimas ja cha juma ja,
te bakaru ñu?
6 Wande mangi len di wah̤, Kena angile ki
gen a rey as juma ja.
7 Wande su ngēn h̤am on lu lile tiki,
Yermande lā buga as h̤arfan, kôn dōtu len eda
ña moyul.
8 Ndege Dōm i nit ka mō di Borom-
dimas.
9 Mu juge fōfale, te h̤araf chi sēn juma:
10 Te gōr anga fa ku am loh̤o bu lagi. Ñu
lāj ko, ne, Mbar dagan na weral chi bes i
dimas? Ndah̤ ñu mun ko jêñ.
11 Mu ne len, Kan nit a neka chi yēn ku
am bena nh̤ar, su dānô chi mpah̤ chi bes i
dimas, do ko japa te dindi ko?
12 Naka la nit gene nh̤ar! Mōtah̤ dagan
na def lu bāh̤ chi bes i dimas.
13 Fōfale mu wah̤ gōr ga, ne, Talalal sa
loh̤o. Mu talal ko; mu wer niki benen ba.
14 Wande Pharisee ya gēna, te fēncha naka
ñu ko mun a rēye.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

15 Yesu ḩam lōla, te mu sipi fōfale ; ñu bare
topa ko ; mu weral len ñom ñepa.
16 Te mu ebal len, ne, Bu ko kena ḩam :
17 Ndaḩ la Isaiah yonent ba waḩ on mota-
liku, ne,
18 Sêt len, suma ndau ba ma tana ; suma
sopa ka nêḩ lol chi suma fit ; di nā teg
suma Nḩel chi kou am, te di na yēgle lu jūb chi
Gentile ya.
19 Du ḩūlo, mbāte ḩāchu, te ken du dēga
bāt am chi mbeda yi.
20 Du dama sonka bu lūnka, du fey gilinta
bu di saḩar, be mu yōni njūbay be chi
ndam.
21 Te chi tur am la Gentile ya di yākari.
22 Fōfale ñu indi fa mom kena ku jine jap'
on, ka silmaḩa te lū ; mu weral ko, taḩna
nit ka lū on waḩ te gis.
23 Nit ña ñepa jomi, te ne, Kile du dōm i
Dauda'm ?
24 Wande ba ko Pharisee ya dēge, ñu ne,
Kile gēneūl jine ya lu dul chi Abdujambar
njīt i jine ya.
25 Mu ḩam sēn i ḩalāt, te ne len, Ngur gu
neka gu ḩajāliku chi bop' am, di na ñou chi
ntaste ; te deka bu neka, mbāte nēg, bu ḩajā-
liku chi bop' am du taḩou :
26 Te su Seytane gēnê Seytane, hajāliku na
chi bop' am ; naka la ngur am di taḩoue
mbōk ?
27 Su ma gēnê i jine chi Abdujambar, sēn i
dōm chi kan la ñu len gēne ? mōtaḩ di nañu
neka sēn i atekat.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

28 Wande su ma gēnê jine ya chi Nh̤el i
Yalla, bōba ngur i Yalla dika na fi yēn.
29 Naka la kena munê h̤araf chi nēg i
borom-dōle, te yah̤a alal am, su jekulê taka
borom-dōle ja? te ganou lōla di na yah̤a
nēg am.
30 Ku nekul ak man, bañ na ma; te ku
dajaleūl ak man, defa tasāre.
31 Mōtah̤ ma ne len, Bakar bu neka ak h̤as
i Yalla, di nañu ko baal nit; wande ku h̤as
Nh̤el mu Sela ma, du ñu ko baal.
32 Te ku wah̤ lu bon lu jem chi Dōm i nit
ka, di nañu ko baal; wande ku wah̤ lu bon lu
jem chi Nh̤el mu Sela ma, du ñu ko baali
muka chi aduna sile, wala chi lah̤īra.
33 Bāh̤lo len garap gi ak i dōm am; mbāte
bonlo len garap gi ak i dōm am; ndege ra-
ñātle nañu garap gi chi i dōm am.
34 E dōm i ñangor yi, yēn ñi bon, naka
ngēn mune wah̤ lu bāh̤? ndege lu fês chi h̤ol
gemeñ gi wah̤ ko.
35 Nit ku bāh̤ di na gēne yef yu bāh̤ chi
dēnchukay am bu bāh̤; wande nit ku bon di na
gēne yef yu bon chi dēnchukay am bu bon.
36 Te mangi len di wah̤, Bāt i nēn bu neka
bu nit di wah̤, di na joh̤i warugal am chi bes i
ate ba.
37 Ndege chi sa i bāt la ñu la joh̤i njūbal,
te chi sa i bāt la ñu la joh̤i ndānute.
38 Fōfale ñena chi bindānkat ya ak Pharisee
ya tontu ko, ne, Jemantalkat bi, buga naño gis
mandarga chi you.
39 Wande mu tontu len, ne, H̤êt i ēfar ak i



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

njālokat ūt na mandarga, wande du ñu ko
may mandarga lu moy mandarga i Jonah
yonent ba;
40 Ndege naka Jonah nek'on chi bir mbon-
kana ma ñet' i bechek ak ñet' i gudi, nōgule
la Dōm i nit ka di nekeji chi h̤ol i suf si ñet'
i bechek ak ñet' i gudi.
41 Ga' Nineveh ña di nañu tah̤ou chi bes i
ate ba ak h̤êt wile, te ey len; ndege rēchu on
nañu chi wāre' Jonah, te ku gen a rey Jonah
angi fi.
42 Bur i gopu bu jigen ba di na tah̤ou chi
bes i ate ba ak h̤êt wile, te ey len; ndege juge
on na fu sorey ndah̤ mu dēga sago i Suleyman,
te ku gen a rey Suleyman angi fi.
43 Wande nh̤el mu sobe mi, ba mu gēne chi
nit, mu doh̤ chi bereb yu wou, di ūt noflay, te
feku ko.
44 Fōfale mu ne, Di nā delu chi suma nēg fa
ma gēn' on; te ba mu deluse, mu feka ko am
nēn, mu būb, te nah̤ātu.
45 Mu dem, te bōle ak mōm yenen jurom
ñar i nh̤el yu gen a bon as bop' am, ñu h̤araf
chi bir, te deka fa; te muj i nit kōkale gen na
bon as ndôrte am. Nōgule la di meli chi h̤êt
wu bon wile.
46 Ba mu wah̤andô ak mbōlo ma, ndey am
ak i rak' am tah̤ou cha biti, di buga wah̤ ak
mōm.
47 Kena ne ko, Sa ndey ak sa i rak' anga
tah̤ou cha biti, di buga wah̤ ak you.
48 Wande mu tontu ka ko wah̤, ne, Kan a
di suma ndey? te ñan a di suma i raka?



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

49 Mu talal loh̤o am chi i tālube am, te ne,
Sêt len, suma ndey ak suma i raka!
50 Ndege ku mu mun a don ku di def suma
mbugel i Bay ba cha ajana, mō di suma raka,
ak suma jigen, ak suma ndey.

## SAR 13

1 Chi bes bōba Yesu gēna on na cha nēg ba,
te tōg cha tefes ga.
2 Mbōlo mu rey dajalo fi mōm; tah̤na mu
duga chi gāl, tōg, te mbōlo ma yepa tah̤ou cha
tefes ga.
3 Mu wah̤ len yef yu bare chi i lēb, ne, Bena
jikat dem on na ji;
4 Te ba mu jie, yena pēpa rot nañu cha wet
i yōn wa, te mpicha ya dika for len;
5 Yenen rot chi i bereb i doch, fa ñu amule
suf su bare; ñu gou a sah̤, ndege suf sa h̤ōtul;
6 Ba janta ba fenke mu laka len; te ñu lah̤,
ndege amu ñu rên.
7 Yenen rot chi digante i tah̤as, te tah̤as
yi sah̤ando ak ñom, te waka len:
8 Yenen rot chi suf su bāh̤ sa, te mēña
mēñef, yena ya tēmēr, yale jurom bena fuka,
yale ñeta fuka.
9 Ku am i nopa, na dēga.
10 Tālube ya ñou te ne ko, Lutah̤ nga wah̤
ak ñom chi i lēb?
11 Mu tontu len, ne, Yēn la ñu may ngēn
h̤am i kumpa i ngur i ajana, wande ñom mayu
ñ̤u len ko.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

12 Ndege ka am mōm la ño may, te di na
am lu bare ; wande ka amul, di nañu jel la mu
am sah̤.
13 Mōtah̤ ma wah̤ ak ñom chi i lēb ; ndege
ba ñu gise, du ñu gis ; te ba ñu dēge du ñu
dēga ; te fafu ñu di h̤am.
14 Te chi ñom la bāt i Isaiah motaliku, ne,
Di dēga di ngēn dēga, wande du len h̤am ; te di
gis di ngēn gis, wande du len sēnu :
15 Ndege h̤ol i nit ñile dūf na, sēn i nopa
teh̤ nañu, te tej nañu sēn i but ; ndah̤ du ñu gis
ak sēn i but, dēga ak sēn i nopa, tūb, te ma
weral len.
16 Wande barkel chi sēn i but, ndege da ñu
gis ; ak sēn i nopa, ndege da ñu dēga.
17 Ndege chi dega mangi len di wah̤, Yonent
yu bare ak nit ñu jūb bug' on naño gis li ngēn
gis, te gisu ñu ko won ; te dēga li ngēn dēga,
wande dēgu ñu ko won.
18 Dēga len mbōk lēb i jikat ba.
19 Ba kena dēge bāt i ngur gi, te h̤amu ko,
fōfale la Seytane ñoue, te dindi la ñu ji won
chi h̤ol am. Kile di ka ñu ji won chi wet i
yōn wa.
20 Te ka ñu ji won chi i bereb i doch, mō di
ka dēga bāt bi, te dal di ko nangu ak banēh̤ ;
21 Wande amul rên chi bop' am, te muñ chi
sā yu new dal ; ndege su nah̤ar joge wala
ngeten ndig bāt bi, nōg' ak nōga mu fakatalu.
22 Ka ñu ji won chi digante tah̤as ya, mō
di ka dēga bāt bi ; te i ntopato' aduna si, ak
nah̤ay i amam, waka bāt bi, mu bañ a mēña
dōm.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

23 Te ka ñu ji won chi suf su bāḫ sa, mō di
ka dēga bāt bi, te ḫam ko, te mēña dōm chi
dega, yena ya tēmēr, yale jurom bena fuka,
yale ñeta fuka.
24 Mu teg benen lēb chi sēn kanam, ne,
Ngur i ajana niro na ak nit ka ji on jiu ju bāḫ
chi tōl am;
25 Wande ba ñu neloue, mbañ am dika, te ji
nduḫum chi digante dugup ja, te dem.
26 Ba dugup ja saḫe, te mēña dōm, nduḫum
la fêñ itam.
27 I rapas i borom-ker ga ñou, te ne ko,
Borom bi, ndaḫ jiū la won jiu ju bāḫ chi sa
tōl? naka la ame nduḫum nak?
28 Mu ne len, Ab mbañ a def lōlu. Rapas
ya ne ko, Buga nga ñu dem budi len?
29 Wande mu ne, Dēt, ḫēchna bu ngēn di
budi nduḫum la, di ngēn budiāle dugup ja it.
30 Bayi len ñar ña ñu saḫando be cha
ngōbte ga; te cha waḫtu' ngōbte ga di nā waḫ
gōbkat ya, ne, Budi len jeka nduḫum la, taka
ko i say te laka ko; wande dajale len dugup ja
chi suma saḫa.
31 Mu teg benen lēb chi sēn kanam, ne,
Ngur i ajana niro na ak pēp' i sūna, bu nit fab,
te ji chi tōl am;
32 Mō gen a tūt chi i pēpa yepa; wande su
saḫe, mō gen a rey chi gir am yepa, te mu
neka garap be mpich' i asaman yi di dika dal
chi i banḫas am.
33 Mu waḫ len benen lēb, ne, Ngur i ajana
niro na ak mporoḫal bu jigen jel, te def chi
ñet' i andār i sunguf, be yepa foroḫ.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

34 Yesu wah̤ on na mbōlo ma yef yile yepa
chi i lēb, te wah̤u len dara lu dul chi lēb:
35 Ndah̤ la yonent ba wah̤ on motaliku, ne,
Di nā ūbi suma gemeñ chi i lēb; di nā yēgle
yef yu nubu cha ndôrte' aduna si.
36 Fōfale Yesu bayi mbōlo ma, h̤araf chi
nēg ba; te tālube am ya ñou fi mōm, ne, Tiki
ñu lēb i nduh̤um i tōl ba.
37 Mu tontu len, ne, Ka ji jiu wu bāh̤ ba,
Dōm i nit ka la;
38 Tōl ba aduna si la; jiu wu bāh̤ wa i dōm
i ngur ga la; nduh̤um la i dōm i bulis la;
39 Mbañ ma ko ji on Seytane la; ngōbte ga
muj i aduna si la; te gōbkat ya ño di malā-
ka ya.
40 Naka ñu budi nduh̤um la, te laka ko chi
safara, nōgu la di neki chi muj i aduna.
41 Dōm i nit ka di na yōne i malāk' am, te
di nañu forātu chi ngur am yef yu moylo yepa,
ak ña def lu bon;
42 Te sani len cha safara sa; fōfale la joy
di neka, ak yey i buñ.
43 Bōba ñu jūb ña di nañu melah̤ na janta
bi chi sēn ngur i Bay ba. Ku am i nopa na
dēga.
44 Ngur i ajana niro na ak alal bu nubu chi
bir tōl; ba ko nit feke mu nuba ko, dem chi
banēh̤ am jay lu mu am on yepa, te jenda tōl
bōbale.
45 Ngur i ajana nirôti na ak jūla ku don ūt
jamong yu bāh̤;
46 Ba mu feke bena jamong ju jafe njēg,
mu dem jay lu mu am on yepa, te jenda ko.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

47 Ngur i ajana nirôti na ak mbal mu
ñu sani chi gēch, mu japa h̤êt i jen wu
neka :
48 Ba mu fêse, ñu h̤ēcha ko chi tefes ; ñu
tōg chi suf, te dajale yu bāh̤ ya chi i ndap,
wande sani yu bon ya fale.
49 Nōgule la neki chi muj i aduna : malāka
ya di nañu juge, te h̤ajātle ñu bon ña cha ñu
jūb ña,
50 Te sani len chi safara si : fōfale la joy di
neka, ak yey i buñ.
51 Ndah̤ dēga ngēn yef yile yepa ? Ñu ne
ko, Wau.
52 Mu ne len, Bindānkat bu neka mbōk bu
ñu nekalo tālube chi ngur i ajana, niro na ak
borom-ker ku gēne chi dēnchukay am lu ês ak
lu maget.
53 Am on na ba Yesu sotal on lēb yile, mu
juge fōfa.
54 Ba mu dike chi rew am, mu jemantale
len chi sēn i juma, tah̤na ñu jomi, ne, Nit
kile naka la ame h̤amh̤am bile, ak koutef
yile ?
55 Kile du dōm i minise bā'm ? du ndey am
a tūda Mariama ? te i rak' am James, ak Yu-
sufa, ak Simon, ak Judas ?
56 Te i jigen am, du chi suñu digante la ñu
neka ? Naka la kile ame yef yile yepa ?
57 Ñu fakatalu chi mōm. Wande Yesu ne
len, Yonent ñakul teranga lu moy chi dek' am,
ak chi ker am.
58 Defu fa i koutef yu bare ndig sēn
gumadi.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

## SAR 14

1 Cha jamāno jōjale Herod kēlifa ga dēg' on
na lu ñu wah̤ lu jem chi Yesu,
2 Te mu ne bukanēg am ya, Kile di John
Batisekat ba ; dēki na' cha dē ga ; mōtah̤ koutef
yile fêñ nañu chi mōm.
3 Ndege Herod jap' on na John, ewo ko, te
tej ko chi kaso, ndig Herodias, jabar i Philip
rak' am.
4 Ndege John dān na ko wah̤, ne, Daganul
nga sey ak mōm.
5 Ba mu ko buge rēy, mu ragal mbōlo ma,
ndege fōg nañu ne yonent la won.
6 Wande ba ño h̤umbal bes i njudu' Herod,
dōm i Herodias ju jigen fēcha chi sēn digante,
mu nêh̤ Herod lol.
7 Mōtah̤ mu dig ak geñ ne, di na ko may
lu mun a don lu mu lāj.
8 Mōm nak ndege ndey am jeñtal na ko,
ne, May ma file bop' i John Batisekat ba chi
ndap.
9 Bur ba nah̤arlu ko ; wande ndig geñ am
ga, ak ña tōg on ak mōm di leka, mu ebal ñu
may ko ko.
10 Mu yōni ku dog bop' i John chi kaso ba.
11 Ñu indi bop' am chi ndap, may ko janh̤a
ba, mu yubu ko fa ndey am.
12 Tālube am ya ñou, jel yaram wa, sūl ko,
te dem nitali ko Yesu.
13 Ba ko Yesu dēge, mu juge fa chi gāl chi
manding mu wēt : ba mbōlo ma dēge lōla, ñu
rūnga topa ko tank' ak tanka cha deka ya.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

14 Mu gēna, te gis mbōlo mu rey; mu
am yermande chi ñom, te weral sēn i
jarak.
15 Ba ngon jote, i tālube am ñou fi mōm,
ne, File manding la, te wah̤tu wi wey na jēg;
na nga ebal mbōlo mi ñu dem cha bir deka ya,
te jenda dundu.
16 Wande Yesu ne len, Soh̤laū ño dem;
may len ñu leka.
17 Ñu ne ko, Am nañu fi jurom i mburu
reka, ak ñar i jen.
18 Mu ne, Indi len fi man.
19 Mu ebal mbōlo ma ñu tōg chi kou ñah
ma, jel jurom i mburu ya ak ñar i jen ya,
yēkati but am cha asaman, gerem Yalla, dogat
mburu ya, joh̤ len talube ya, te tālube ya joh̤
len mbōlo ma.
20 Ñepa leka be sūr; ñu forātu ndesit ma
be ñu fêsal fuk' i sendel ak ñar.
21 Ña lek' on jurom i njūne' gōr la ñu potah̤,
ganou i jigen ak i gūne.
22 Nōn' ak nōna mu jeñtal i tālube am ñu
duga chi gāl ga, te jītu ko cha genen wet ga,
be ba mu demlô mbōlo ma.
23 Ganou ba mu demlô mbōlo ma, mu yēg
cha kou tūnda wa ndah̤ mu ñān *Yalla*, te chi
gudi ga mu neka fa mōm dal.
24 Wande nak gāl ga nek' on na chi kou
gēch ga, di yengatu chi dūs ya; ndege ngelou
la defa nah̤ari won.
25 Chi ñenentel i wah̤tu chi gudi gi, mu
dem fa ñom di doh̤ chi kou gēch ga.
26 Ba ko i tālube am gise mu di doh̤ chi



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

kou gēch ga, ñu tīt, ne, Njuma la; te ñu
ḥāchu ndig tītay.
27 Wande Yesu waḥ len chi taḥouay, ne,
Dalal len sēn ḥol: Man la; bu len tīt.
28 Peter tontu ko, ne, Borom bi, su de you,
ô ma ma ñou fi you chi kou ndoḥ mi.
29 Mu ne ko, Ñoual. Peter wacha chi gāl
ga, te mu doḥ chi kou ndoḥ ma mu dem fa
Yesu.
30 Wande ba mu gise ngelou li, mu tīt, te
dal di dīg; mu ḥāchu, ne, Borom bi, musal
ma.
31 Nōn' ak nōna Yesu talal loḥo am, te
japa ko, ne ko, E borom-ngum gu new, lutaḥ
nga nimse?
32 Ba ñu ñoue chi bir gāl ga, ngelou li dal.
33 Te ña neka chi gāl ga jāmu ko, ne, Chi
dega yā di Dōm i Yalla.
34 Ba ñu jale, ñu dika chi suf si, chi Gen-
nesaret.
35 Ba ko nit ña cha wet gōgale ḥame, ñu
yōni chi rew mōma yepa, indi fa mōm ña jēr
ñepa;
36 Te dagān ko ndaḥ ñu mun a lāl omb'
i cholay am reka; te ña ko lāl ñepa ñu wer
cheng.

## SAR 15

1 Fōfale i bindānkat ak i Pharisee ñu juge
cha Jerusalem, ñou fi Yesu, ne,
2 Lutaḥ sa i tālube moy nābe' nit i ḥāt ya?
ndege du ñu raḥas sēn loḥo su ño leka.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

3 Mu tontu len, ne, Yēn it, lutah̤ ngēn moy
eble' Yalla chi sēn nābe?
4 Ndege Yalla wah̤ on na, ne, Teralal sa
bay ak sa ndey: te, Ku h̤as bay am wala ndey
am, na dē dē gi.
5 Wande yēn a ne, Ku di wah̤ bay am wala
ndey am, ne, Yalla lā may lu la mun a jeriñ:
6 Bu mu teral bay am. Tah̤na be defadi
ngēn eble' Yalla mu di dara chi sēn nābe.
7 Yēn nafeh̤a yi, Isaiah wah̤ on na dega chi
yēn, ne,
8 Nit ñile teral nañu ma ak sēn gemeñ,
wande sēn h̤ol sorey na ma.
9 Wande nēn la ñu ma jāmo, di jemantal i
eble' nit niki njemantal *i Yalla.*
10 Mu ô mbōlo ma, te ne len, Dēglu len, te
dēga:
11 Lu h̤araf chi gemeñ, du gakal nit;
wande lu gēna chi gemeñ, mō di gakal nit.
12 Fōfale i tālube am ñou, te ne ko, H̤am
nga ne Pharisee ya fakatalu nañu, ba ñu dēge
kadu gile?
13 Wande mu tontu, ne, Njembat bu neka
bu suma Bay ba cha ajana jembatul on, di na
ko simpi.
14 Bayi len len; ño di njīt yu silmah̤a. Te
su silmah̤a jītê silmah̤a, di nañu tabi chi mpah̤
ñom ñar.
15 Peter tontu ko, ne, Tiki ñu lēb wile.
16 Mu ne, Dēgangu len, yēn itam?
17 Dēgu len ne lu mu mun a don lu h̤araf
chi gemeñ, dem chi bir, ñu gēne ko chi
biti?



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

18 Wande yef yu gēna chi gemeñ, chi h̤ol
la ñu juge ; te ño di gakal nit.
19 Ndege chi h̤ol bi la h̤alāt yu bon di juge,
i mbōm, i njālo, i h̤emem, i nchacha, sēde yu
di fen, i sāga :
20 Yile di yef ya di gakal nit ; wande te
leka te bañ a rah̤asu, du gakal nit.
21 Yesu juge on na fa, te dem chi wet i
Tyre ak Sidon.
22 Jena jigen i Canaan juge cha wet yōya,
te mu h̤āch̤u, ne, Amal yermande chi man, E
Borom bi, Dōm i Dauda ; jine anga geten
suma dōm ju jigen bu miti.
23 Wande tontuwu ko dara. I tālube am
ñou, te dagān ko, ne, Demlo ko, ndege tanh̤al
na ñu.
24 Wande mu tontu, ne, Fi nh̤ar i nēg i
Israel yu rēr yi reka la ñu ma yōni.
25 Wande mu ñou te jāmu ko, ne, Borom
bi, lêl dimali ma.
26 Mu tontu ko, ne, Daganul ñu jel mburu
i h̤alel yi, te sani ko h̤aj yi.
27 Wande mu ne, Wau, Borom bi ; ndege
h̤aj yi sah̤, di nañu di leka ndesit ya di rot chi
sēn tabul i borom.
28 Fōfale Yesu tontu ko, ne, E jigen ji, sa
ngum rey na lol ; naka nga buga, na ame
nōgu chi you. Te chi wah̤tu wōwale dōm am
wer cheng.
29 Yesu juge on na fa, jegeñsi cha gēch i
Galilee ; mu yēg cha kou tūnda wa, te tōg
fōfa.
30 Mbōlo mu rey ñou fi mōm, and' ak ña



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

lagi, silmah̤a, lu, tēlekat, ak ñenen ñu bare, nu
teg len chi tank' am, te mu weral len;
31 Tah̤na mbōlo ma jomi, ba ñu gise lū ya
wah̤, lagi ya wer, tēlekat ya doh̤, ak silmah̤a
ya gis: ñu magal Yalla i Israel.
32 Yesu ô i tālube am fi mōm, te ne len,
Am nā yermande chi mbōlo mi, ndege anda
nañu ak man lēgi ñet' i fan, te leku ñu dara;
du ma len demlo te leku ñu, wala h̤ēchna di
nañu ñaka dōle chi yōn wa.
33 Tālube ya ne ko, Fan la ñu mun a ame
mburu mu doy mbōlo mu rey niki bile, chi
manding mi?
34 Yesu ne len, Ñāta mburu ngēn am? Ñu
ne ko, Jurom ñar, ak lu new chi jen yu tūt.
35 Mu ebal mbōlo ma ñu tōg chi suf,
36 Te jel jurom ñar i mburu ya, ak jen ya,
gerem Yalla, mu dogat len, joh̤ tālube ya, te
tālube ya joh̤ mbōlo ma.
37 Ñepa leka be doylu, te ñu fêsal jurom
ñar i sendel ak ndesit la.
38 Ña lek' on ñenent i njūne' gōr la ñu,
ganou i jigen ak i gūne.
39 Mu demlo mbōlo ma, duga chi gāl ga, te
ñou chi i wet i Magadan.

## SAR 16

1 Pharisee ya ak Sadducee ya ñou di ko
fir, te lāj ko mu won len mandarga cha
asaman.
2 Wande mu tontu len, ne, Su janta soe,



Digitized by Google
Original from HARVARD UNIVERSITY

ngēn ne, Di nañu am bes bu nêh̤ tey, ndig
asaman si h̤onh̤a na :
3 Ti chi sūba, Di na h̤ēn tey, ndege asaman
si tīm na. Mun ngēn a rañātle kanam i asa-
man si ; wande munu len a rañātle melo i
jamāno yi.
4 H̤êt wu bon ak njālo ūt na mandarga ; du
ñu ko may mandarga, lu dul mandarga i Jonah.
Mu bayi len, te dem.
5 Tālube ya ñou cha genen wet ga, te ñu
fate won a jel mburu.
6 Yesu ne len, Otu len te moytu mporoh̤al i
Pharisee ya ak Sadducee ya.
7 H̤alāt nañu chi sēn bopa, ne, Ndig indiū
ñu on mburu.
8 Ba ko Yesu h̤ame, mu ne, E gā' ngum gu
new, lutah̤ ngēn werante chi sēn digante,
ndege amu len mburu ?
9 Dēgangu len, wala fatalakuwu len jurom
i mburu i jurom njūne ya, te ñāt' i sendel
ngēn forātu on ?
10 Wala jurom ñar i mburu i ñenent njūne
ya, te ñāt' i sendel ngēn forātu on ?
11 Lutah̤ be h̤amu len ne wah̤u ma len chi
mburu ? Wande ndah̤ ngēn otu mporoh̤al i
Pharisee ya ak Sadducee ya.
12 Fōfale ñu h̤am ne wah̤ul len ñu otu
mporoh̤al i mburu, wande njemantal i Pharisee
ya ak Sadducee ya.
13 Ba Yesu ñoue chi i wet i Cæsarea Philippi,
mu lāj i tālube am, ne, Man mi di Dōm i nit ka,
kan la nit ña wah̤ ne mōm la ?
14 Ñu ne, Ñena ña ne, John Batisekat ba ;



Digitized by Google

Original from
HARVARD UNIVERSITY

ñenen ne, Elijah; te ñenen ne, Jeremiah, wala
kena chi yonent ya.
15 Mu ne len, Wande yēn, kan ngēn waḫ
ne mōm la?
16 Simon Peter tontu, ne, Yā di Krista,
Dōm i Yalla ju dunda ji.
17 Yesu tontu ko, ne, Barkel chi you, Simon
dōm i Jonah; ndege du yaram te du deret a la
fêñal lōlu, wande suma Bay ba cha ajana.
18 Te mangi la waḫ it, ne yā di Peter, te chi
doch wile lā di tabaḫ suma jangu; te bunt' i
nāri du ko fabi.
19 Di nā la may i chābi' ngur i ajana: te lu
neka lo taka chi suf, di na taku cha ajana; te
lu neka lo tiki chi suf, di na tikiku cha ajana.
20 Fōfale mu ebal tālube ya, ne bu ñu waḫ
ken ne mō di Krista.
21 Cha sā sōsale Yesu dal di won i tālube am
naka mu ela deme fa Jerusalem, te sona yef yu
bare chi mag ya, ak i njīt i seriñ ya, ak bin-
dānkat ya, te di ko rēyi, mu di dēkiji chi ñetel
i fan am.
22 Peter japa ko, te dal di ko eda, ne,
Borom bi, na la Yalla yerem; lile du la dal
muk.
23 Wande mu walbatiku, te ne Peter,
Randu ma, Seytane si; yā di suma mpaka;
ndege topatoū la yu jem chi yef i Yalla, wande
yef i nit.
24 Fōfale Yesu ne i tālube am, Su nit bugê
and' ak man, na wēdi bop' am, gadu kura am,
te topa ma.
25 Ndege ku mu mun a don ku buga musal



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

bakan am, di na ko rēr : te ku mu mun a don
ku di rērlo bakan am ndig man, di na ko gis.
26 Ndege ban njeriñ la chi nit, su ame
aduna si yepa, te mu ñaka bakan am ? wala
wan wēchi la nit di joh̤e ndig bakan am ?
27 Ndege Dōm i nit ka di na ñou chi ndam
i Bay am, ak i malāk' am ; te chi wah̤tu wō-
wale di na yōl nit ku neka naka ligey am day.
28 Chi dega mangi len di wah̤, Ñena ñi
tah̤ou file, du ñu mos dē, be ba ñu di gisi Dōm
i nit ka mu di ñou chi ngur am.

## SAR 17

1 Ganou jurom ben' i fan, Yesu jel Peter,
James, ak John rak' am, te yubu len chi kou
tūnda wu koue, ñom dal :
2 Mu sopaliku chi sēn kanam : h̤ar-kanam
am di melah̤ niki janta bi, te ser am wêh̤ tal
niki lêr gi.
3 Te Musa ak Elijah fêñu len, di wah̤tān ak
mōm.
4 Peter tontu, ne Yesu, Borom bi, bāh̤ na
chi ñun ñu neka file : su la nêh̤e, di nā fi defar
ñet' i mbār ; bena you, bena Musa, ak bena
Elijah.
5 Ba mu wah̤ande, nir wu ne naña umba
len, te bāt juge cha nir wa, ne, Kile di suma
Dōm ja ma sopa ; chi mom lā def suma h̤ol
bepa ; dēga len ko.
6 Ba ko tālube ya dēge, ñu defēnu chi suf,
te tīt lol.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

7 Yesu ñou, te lāl len, ne, Jog len, te bu
len tīt.
8 Ba ñu yēkate sēn but, gisatu ñu ken,
ganou Yesu dal.
9 Ba ñu wache tūnda wa, Yesu ebal len, ne,
Bu len wah̤ kena mpêñu mile, be ba Dōm i nit
ka di dēki cha ñu dē ña.
10 I tālube am lāj ko, ne, Lutah̤ bindānkat
ya ne Elijah ela na jeka ñou ?
11 Mu tontu len, ne, Elijah di na ñou chi
dega, to delo yef yepa :
12 Wande mangi len di wah̤, Elijah ñou on
na jēg, te h̤amu ñu ko won, wande ñu def
ko lu ñu buga chi mōm. Nōgu itam la ño
sonaleji Dōm i nit ka.
13 Tālube ya h̤am nak, ne wah̤ na len lu
jem chi John Batisekat ba.
14 Ba ñu dike chi mbōlo ma, nit ñou fi
mōm, di sūka fi mōm, ne,
15 Borom bi, amal yermande chi suma dōm
ju gōr ; ndege defa say, te getenu bu miti ;
faral na tabi chi safara, ak chi ndoh̤.
16 Yubu on nā ko chi sa i tālube, te munu
ñu ko weral.
17 Yesu tontu, ne, E h̤êt wu gumadi, te
deger-bopa, be kañ lā neka ak yēn ? be kañ lā
len muñal ? Indi ko fi man.
18 Yesu h̤ūle ko, te jine ja gēna chi mōm ;
cha wah̤tu wōwale h̤alel ba wer.
19 Fōfale tālube ya ñou fi Yesu chi kumpa,
ne, Lutah̤ ño ko munul on a gēne ?
20 Mu ne len, Ndig sēn gumadi : ndege chi
dega mangi len di wah̤, Su ngēn ame ngum



Digitized by Google
Original from HARVARD UNIVERSITY

gu day niki pēp' i sūna, di ngēn wah̤ tūnda
wile, Roñul cha bereb bale ; te di na roñu ; te
kôn dara du len te.
21 Wande h̤êt wile du gēna lu dul chi ñān
ak chi kôr.
22 Ba ñu deke chi Galilee, Yesu ne len, Di
nañu or Dōm i nit ka chi loh̤o i nit ;
23 Di nañu ko rēy, te chi ñetel i fan am di
na dēki. Ñu nah̤arlu lol.
24 Ba ñu dike chi Capernaum, ña di jel
ngalak la ñou fi Peter, ne, Ndah̤ sēn borom du
fey ngalak ?
25 Mu ne, Wau. Ba mu h̤arafe chi nēg ba,
Yesu jekantu ko, ne, Lo dēfe Simon ? I bur
i suf si, chi kan la ñu di jele bāh̤ wala ngalak ?
chi sēn i dōm am, am chi i gan ?
26 Ba mu ne, Chi gan yi, Yesu ne ko, Kôn
dōm ya du ñu war a fey.
27 Wande ndah̤ du ñu len fakatal, demal
cha gēch ga, sani ôs, te japa jen wu jeka fêñ ;
bo ūbe gemeñ am, di nga cha feka dogit i
h̤ālis : jel ko, te joh̤ len ko ngir man ak you.

## SAR 18

1 Cha wah̤tu wōwale tālube ya ñou fi Yesu,
ne, Kan a di ka gen a rey chi ngur i ajana ?
2 Mu ô fi mōm ab gūne gu tūti, teg ko chi
sēn digante,
3 Ne, Chi dega mangi len di wah̤, Su ngēn
tūbule, te neka niki gūne yu tūti, du len h̤arafi
chi ngur i ajana muk.



Digitized by Google

Original from
HARVARD UNIVERSITY

4 Ku mu mun a don mbōk ku di sufelu niki
gile gūne gu tūti, mō di ka gen a rey chi ngur
i ajana.
5 Ku nangu gena gūne niki gile chi suma
tur, man la nangu :
6 Wande ku di moylo gena chi yile yu tūt
ñi gum chi man, don na geni chi mōm ñu taka
doch wu rey chi bāt am, te sani ko chi bir
gēch ga.
7 Suboh̤un aduna si ndig i mpaka ! ndege i
mpaka soh̤la naño dika ; wande suboh̤un nit
ka tah̤ mpaka ñou.
8 Su la sa loh̤o mbāte sa tanka moylô, dog
ko, te sani ko : mō gen nga h̤araf chi dunda
ak lago mbāte di sôh̤, aste am ñar i loh̤o mbāte
ñar i tanka, ñu di la sani chi safara su dul
jêh̤.
9 Su la sa but moylô, luh̤i ko, te sani ko :
mō gen nga h̤araf chi dunda ak bena but, aste
am ñar i but ñu di la sani chi safara i nāri.
10 Otu len a jēpi kena chi gūne yu tūt yile ;
ndege mangi len di wah̤, cha ajana sēn i
malāka di jāno ak suma kanam i Bay ba cha
ajana sā su neka.
11 Ndege Dōm i nit ka ñou na ndah̤ mu
musal ñu rēr ña.
12 Lan ngēn dēfe ? Su nit ame tēmēr i
nh̤ar, te bena rēr ko cha, du bayi jurom ñenent
fuk' ak jurom ñenent ya, dem c̀ha tūnda ya,
te ūti bu rēr ba am ?
13 Su ko gise, chi dega ma ne len, di na
banēh̤u ndig mōm, aste jurom ñenent fuk'
ak jurom ñenent ya rērul on.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

14 Tah̤na itam du sēn mbugel i Bay ba cha
ajana, ndah̤ kena chi yu tut yile rēr.
15 Su la sa morom tōñe, demal won ko tōñ
yangê'm chi sēn digante: su la dēge, fabi nga
sa morom.
16 Wande su la dēgule, andal ak kena
mbāte ñar, ndah̤ bāt bu neka set chi gemeñ i
ñar i sēde mbāte ñeta.
17 Su len bañê dēga, wah̤ ko ndaje ma; te
su bañê dēga ndaje ma itam, na neka chi you
niki Gentile ak publican.
18 Chi dega mangi len di wah̤, Lu mu mun
a don lu ngēn di taka chi suf, di na taku cha
ajana; te lu mu mun a don lu ngēn di tiki
chi suf, di na tikiku cha ajana.
19 Ma nêti len, Su ñar chi yēn dēgô chi suf
lu jem chi lef lu ngēn di ñān, suma Bay bi
cha ajana di na len ko defal.
20 Ndege fu ñar mbāte ñeta dajalo chi
suma tur, fōfale lā nekà chi sēn digante.
21 Fōfale Peter ñou fi mōm, te ne ko, Ñāt'
i yōn la ma suma morom di tōñ, te ma baal
ko? be jurom ñar i yōn am?
22 Yesu ne ko, Wah̤u ma la, Be jurom ñar
i yōn; wande, Be jurom ñar fuk' i yōn ak
jurom ñar.
23 Mōtah̤ ngur i ajana niro na ak bena bur
bu bug' on a jel konta ak i jām am.
24 Ba mu dôre woña, ñu isi fi mōm kena
ku ko leb on fuk' i njūne chi h̤ālis.
25 Wande ndege amul lu mu ko feye,
borom am ebal ñu jay ko, ak jabar am, ak i dōm
am, ak lu mu am yepa, ndah̤ mu fey bor am.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

26 Mōtaḥ jām ba sūka, te dagān ko,
ne, Borom bi, muñal ma, di nā la fey
yepa.
27 Borom i jām bōbale yerem ko, mu bayi
ko mu dem, te wocha ko ak bor ba.
28 Wande jām bōbale gēna, te feka kena
chi i naule am, ku ko leb on tēmēr i kopar:
mu japa ko, ne ko chiḥ chi bāt am ne, Fey
ma lo ma leb on.
29 Naule am ba sūka, te dagān ko, ne,
Muñal ma, di nā la fey.
30 Mu fēta, wande dem tejlu ko chi kaso, be
ba mu feye bor ba.
31 Ba naule am ya gise la mu def, ñu
naḥarlu lol, te ñou nitali sēn borom la mu
def on.
32 Fōfale borom am ôlo ko fi mōm, te ne
ko, E jām bu soḥor bi, mā la baal on bor
bōbale yepa, ndege dagān on nga ma:
33 Warul kon you it nga yerem sa naule,
naka ma la yereme on?
34 Borom am mer, te jebale ko getenkat
ya, be ba mu feye lu mu ko leb on yepa.
35 Nōgu la itam suma Bay ba cha ajana
di def ak yēn, su ngēn dul baalalante sēn
morom chi sēn ḥol.

## SAR 19

1 Am on na ba Yesu sotal on kadu yile, mu
juge cha Galilee, te ñou chi i mpeg' i Judæa
ganou Jordan:



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

2 Mbōlo mu rey topa ko, mu weral len fa.
3 Pharisee ya ñou fi mōm, di ko fir, te ne
ko, Ndah̤ dagan na nit fase jabar am ndig lu
mu mun a don?
4 Mu tontu len, ne, Ndah̤ jangu len nė ka
len bind' on cha ndôrte la, dafa len bind' on
gōr ak jigen,
5 Te nôn, Ndig lile tah̤na be nit di bayi bay
am ak ndey am, bōlo ak jabar am, te di nañu
neka bena yaram ñom ñar?
6 Nōgule nekatu ñu ñar, wande bena
yaram. Mōtah̤ lu Yalla bōlāte, nit waru ko
fasāle.
7 Ñu ne ko, Bōba lutah̤ on Musa ebal ñu
joh̤ mbind' i mpase, te fase ak mōm?
8 Mu ne len, Musa ndig sēn degeray i h̤ol
bayi on na len ngēn fase ak sēn i jabar:
wande amul on nōgule cha ndôrte la.
9 Te mangi len di wah̤, Ku fase ak jabar
am, lu moy mu di chi njālo, te sey ak kenen,
njālo na: te ku sey ak ka ñu fase, njālo na.
10 Tālube ya ne ko, Su neke nōgule chi
digante gōr ak jabar am, bāh̤ul ñu sey mbōk.
11 Wande mu ne len, Ñepa munu ño nangu
kadu gile, wande ña ñu ko may dal.
12 Ndege i yōm la ñu judu on nōga cha sēn
bir i ndey; yenen i yōm la ñu nit yōmlo; te
i yōm la ñu yōmlo sēn bopa ngir ngur i ajana.
Ku ko mun a nangu, na ko nangu.
13 Fōfale ñu indi fi mōm gūne yu tūti,
ndah̤ mu teg i loh̤o am chi ñom, te ñānal len:
tālube ya h̤ūle len.
14 Wande Yesu ne, Bayi len gūne yu tūti



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

yi ñu ñou fi man, te bu len len tēre: ndege
ngur i ajana lew na ña mel ni ñom.
15 Mu teg i loh̤o am chi sēn kou, te juge
fōfa.
16 Kena ñou fi mōm, ne, Jemantalkat bi,
lan lef lu bāh̤ lā ela def, ndah̤ ma mun a am
dunda gu dul jêh̤?
17 Mu ne ko, Lutah̤ nga lāj ma lu jem chi
lu bāh̤? Kena la ku bāh̤: wande so buge
h̤araf chi dunda, dēgal eble ya.
18 Mu ne ko, Yan? Yesu ne, Bul rēy ken,
Bul njālo, Bul sacha, Bul sēde fen,
19 Teralal sa bay ak sa ndey: te, Sopal sa
morom niki sa bopa.
20 Far wa ne ko, Lōlu yepa lā dēncha: lan
lā ñakati?
21 Yesu ne ko, So buge mot, na nga dem,
jay lo am, sarah̤ ko miskin ya, te di nga am
jur cha ajana: te ñou, topa ma.
22 Wande ba far wa dēge kadu ga, mu dem
ak nah̤ar; ndege am on na alal ju bare.
23 Yesu ne i tālube am, Chi dega mangi
len di wah̤, Jafeñ na borom-alal h̤araf chi
ngur i ajana.
24 Te ma nêti len, Gen na yomba gelem
tabi chi bir but i pursa, aste borom-alal h̤araf
chi ngur i Yalla.
25 Ba tālube ya dēge lōla, ñu jomi lol, ne,
Ndōg kan a mun a mucha?
26 Yesu sêt len, ne len, Lile munul a am ak
nit; wande dara teūl Yalla.
27 Fōfale Peter tontu ko, ne, Ñun ño wocha
yepa, te topa la; lan la ñu ami mbōk?



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

28 Yesu ne len, Chi dega mangi len di wah̤,
Chi ndelute ga, ba Dōm i nit ka di tōgi chi
kou gangūne' ndam am, yēn ñi ma topa, di
ngēn tōgi chi kou fuk' i gangūne ak ñar, di ate
fuk' i h̤êt i Israel ak ñar.
29 Te ku neka ku bayi i nēg, mbāt i raka,
mbāt i jigen, mbāte bay, mbāte ndey, mbāt
i dōm, mbāt i tōl ngir man, di na ami lu bare
lu len upa, te dona dunda gu dul jêh̤.
30 Wande bare na ña jītu di nañu mujeji;
te ña muje di nañu jītuji.

## SAR 20

1 Ndege ngur i ajana niro na ak bena
borom-ker ku gēna chi sūba têl, ndah̤ mu
binda i ligeykat chi tōl am.
2 Ba mu wah̤ante ak ligeykat ya h̤asab
bechek, mu yōni len cha tōl am.
3 Mu gēnati potah̤ chi jurom ñenentel i
wah̤tu, gis ñenen ñu tah̤ou chi jēy ba te defu
ñu dara,
4 Mu ne len, Dem len yēn it cha tōl ba, te
di nā len joh̤ lu ela. Ñu dem.
5 Mu gēnati potah̤ chi fukel i wah̤tu ak ñar,
ak chi ñetel i wah̤tu, te def nōga.
6 Chi juromel i wah̤tu chi ngon potah̤ mu
gēnati, feka ñenen ñu tah̤ou; mu ne len,
Lutah̤ ngēn tah̤ou fi bechek bi bepa, te defu
len dara?
7 Ñu ne ko, Ndege ken a ñu bindul. Mu
ne len, Dem len yēn it cha tōl ba.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

8 Ba ngon jote, borom-tōl ba ne bukanēg
am, Ôal ligeykat ya, te joh̤ len sēn mpey, di
dôr cha ña muje be cha ña jek' on.
9 Ba ña mu bind' on potah̤ juromel i wah̤tu
chi ngon ñoue, nit ku nek' am h̤asab.
10 Ba ñu jeka ñoue, ñu fōg ne di nañu jot
lu upa lōga; wande ku neka itam am h̤asab.
11 Ba ñu ko jele, ñu ñurumtu lu jem chi
borom-ker ga, ne,
12 Ñile muje wena wah̤tu reka la ñu ligey,
te nga emale len ak ñun, ñi enu on disay i
bechek bi ak tangay am.
13 Wande mu tontu kena chi ñom, ne,
H̤arit, tōñu ma la: du bena h̤asab la ñu
wah̤ante won am?
14 Jelal li la lew, te dem sa yōn; buga nā
joh̤ kile muje lu day ni sa bos.
15 Ndah̤ daganul ma def lu ma buga chi lu
ma mōm? mbar sa but bon na, ndege mā
bāh?
16 Nōnule ña muje di nañu jītuji; te ña jītu
di nañu mujeji.
17 Yesu don na dem cha Jerusalem, te chi
yōn wa mu jel fuk' i tālube ya ak ñar chi
mpet, ne len,
18 Ñunge dem cha Jerusalem, te di nañu
jebal Dōm i nit ka i njīt i seriñ ya ak bindān-
kat ya; te di nañu ko ate ndah̤ mu dē;
19 Di nañu ko jebal Gentile ya, ndah̤ ñu
ñaual ko, ratah̤ ko, te dāj ko cha kura; te chi
ñetel i fan am di na dēki.
20 Fōfale ndey ī dom i Zebedee ñou fi mōm,
ak dōm am yu gōr, di ko jāmu, te lāj ko lef.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

21 Mu ne ko, Lan nga buga? Mu ne ko,
Na nga ebal ne suma ñar i dōm yile tōg, kena
chi sa ndējor, kena chi sa chamoñ chi sa ngur.
22 Wande Yesu tontu, ne, H̤amu len li
ngēn di lāj. Ndah̤ mun ngēn a nān nān ba
ma nāni? Ñu ne ko, Mun nañu ko.
23 Mu ne len, Di ngēn nān suma nān chi
dega: wande tōg chi suma ndējor ak suma
chamoñ, munu ma ko maye kena, ganou ña
ko suma Bay ba wājal.
24 Ba ko fuka ña dēge, ñu mere ñar i mboka
ya.
25 Wande Yesu ô len fi mōm, te ne, H̤am
ngēn ne i kēlifa i Gentile ya ēlif nañu len, te
ñu rey ña ate nañu len ak sañsañ.
26 Du neka nōgule chi sēn digante; wande
ku buga rey chi sēn digante, na neka sēn
bukanēg;
27 Te ku buga neka sēn njīt, na neka sēn jām.
28 Naka Dōm i nit ka ñouūl ndah̤ ñu buk-
anēgu ko, wande ndah̤ mu bukanēgu, te may
dund' am njot ngir ñu bare.
29 Ba ñu gēne cha Jericho, mbōlo mu rey
topa ko.
30 Te ñar i silmah̤a ñu tōg chi wet i yōn
wa, ba ñu dēge ne Yesu jār na fa, ñu h̤āchu,
ne, Borom bi, yerem ñu, you dōm i Dauda!
31 Mbōlo ma h̤ule len ndah̤ ñu nopi; wande
ñu dolê h̤āchu, ne, Borom bi, yerem ñu, you
dōm i Dauda!
32 Yesu tah̤ou, te ô len, ne, Lan ngēn buga
ma defal len?
33 Ñu ne ko, Borom bi, na suñu i but ūbiku.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

34 Yesu am yermande chi ñom, lāl sēn i
but, te chi tah̤ouay sēn i but gis, te ñu
topa ko.

## SAR 21

1 Ba ñu jegeñse Jerusalem, te ñou cha
Bethphage, chi tūnda i Olive, Yesu yōni ñar
i tālube am,
2 Ne len, Dem len chi bir deka ba chi sēn
kanam, te di ngēn feka mbamsuf mu ñu ew,
and' ak chumbur: tiki len, te isi len fi man.
3 Su len kena wah̤e lef, na ngēn ne, Borom
bā len soh̤la; te di na len yōni.
4 Lile am on na nak, ndah̤ lu yonent ba
wah̤ on motaliku, ne,
5 Yēgal len dōm i Zion, Sa Bur anga dika
fi you, lew, te di war mbamsuf, ak chumbur
dōm i mbamsuf.
6 Tālube ya dem, def naka len Yesu ebal on,
7 Indi mbamsuf ma ak chumbur ma, teg
sēn cholay chi sēn kou, te mu tōg chi kou am.
8 Mbōlo ma talal sēn cholay chi yōn wa;
ñenen dog i banh̤as i garap ya, te tasāre len
chi yōn wa.
9 Mbōlo ma jītu ak ña topa h̤āchu, ne Ho-
sanna Dōm i Dauda; barkel chi ki di dika chi
tur i Borom bi; Hosanna ma cha kou.
10 Ba mu dike chi bir Jerusalem, deka ba
yepa yengatu, ne, Kile kan la?
11 Mbōlo ma ne, Kile di Yesu, yonent i
Nazareth chi Galilee.
12 Yesu h̤araf cha juma i Yalla, te gēne ña



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

don jay ak ña don jenda ñepa cha juma ja,
dupa i tābul i wēchikat i ḫālis, ak i tōgu i ña
don jay i mpetaḫ,
13 Te mu ne len, Binda nañu, ne, Suma
nēg war na tūda nēg i ñān; wande yēn a ko
def bereb ī sachakat.
14 Silmaḫa ya ak ña lagi ñou fi mōm
chi juma ja, te mu weral len.
15 Wande i njīt i seriñ ya ak bindānkat
ya, ba ñu gise koutef ya mu def, ak gūne ya di
ḫāchu chi juma ja, ne, Hosanna Dōm i
Dauda; ñu mer lol,
16 Te ne ko, Ndaḫ dēga nga li ñile di waḫ?
Yesu ne len, Wau: ndaḫ mosu len a janga,
ne, Chi gemeñ' i dōm ak i gūne yu di nampa
nga motali nau?
17 Mu bayi len, gēna cha deka ba chi bir
Bethany, te fanān fa.
18 Chi lelek sa nak, ba mu deluse chi deka
ba, mu ḫīf.
19 Mu gis garap i sōto chi wet i yōn wa,
dem fa mōm, te fekul dara, wande i ḫob reka;
mu ne ko, Bul mēñati dōm bel mos. Nōn' ak
nōna sōto ba laḫ.
20 Ba ko tālube ya gise, ñu jomi, ne, Naka
sōto ba gou a laḫe?
21 Yesu tontu len, ne, Chi dega mangi len
di waḫ, Su ngēn gume, te nimseū len, du len
def niki ma def chi sōto bi reka, wande su
ngēn waḫe tūnda wile saḫ, ne, Roñul, te dem
chi bir gēch ga, di na am.
22 Te lu mu mun a don lu ngēn di ñān chi
ngum, di ngēn ko ami yepa.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

23 Ba mu ñoue chi bir juma ja, i njīt i
seriñ ya ak i mag i nit ña ñou fi mōm ba mō
jemantale, ne, Ak ban sañsañ nga defe yef
yile? te ku la joh̤ sañsañ bile?
24 Yesu tontu len ne, Man it di nā len lāj
bena bāt, te su ngēn ma ko wah̤e, di nā len
wah̤ itam ak ban sañsañ lā defe yef yile.
25 Batise' John, fan la juge won? cha
ajana am chi nit? Ñu werante chi sēn
digante, ne, Su ñu ne, Cha ajana; di na ñu
ne, Lutah̤ gumu len ko won mbōk?
26 Wande su ñu ne, Chi nit; da ñu ragal
mbōlo ma; ndege jape won nañu John niki
yonent.
27 Ñu tontu Yesu, ne, H̤amu ñu. Mu ne
len it, Man du ma len wah̤ ak ban sañsañ lā
defe yef yile.
28 Wande lan ngēn dēfe? Kena nit am on
na ñar i dōm yu gōr; mu ñou chi tau ba, ne,
Suma dōm, demal ligey tey chi suma tōl.
29 Mu tontu, ne, Du ma dem: wande cha
ganou mu rēchu, te dem.
30 Mu ñou cha ñarel ba, te wah̤ati lōga.
Mu tontu, ne, Di nā dem; wande demul.
31 Kan chi ñom ñar a def la sēn bay buga?
Ñu ne ko, Tau ba. Yesu ne len, Chi dega
mangi len di wah̤, Publican ya ak garbo ya di
nañu dem chi ngur i Yalla as yēn.
32 Ndege John ñou on na fi yēn chi yōn i
njūbay, te gumu len ko won: wande publican
ya ak garbo ya gum on nañu ko: te yēn ba
ngēn ko gise, rechuwu len cha ganou sah̤ ndah̤
ngēn gum ko.



Digitized by Google
Original from HARVARD UNIVERSITY

33 Dēglu len benen lēb : Bena borom-ker
am on na, ku jembat on tōl, ñak ko, gas cha
nalukay, tabah̤ am tata, lūye ko i ligeykat, te
dem cha benen rew.
34 Ba jamāno i mēñef jegeñse, mu yōni i
ndau am chi ligeykat ya ndah̤ ñu jel i mēñef
am.
35 Ligeykat ya japa ndau am ya, ratah̤
kena, rēy kenen, te jamat kenen ka ak i h̤êr.
36 Mu yōnêti yenen i ndau yu upa ñu jeka
ña : ñu def len nōgule itam.
37 Cha ganou ga mu yōni dōm am chi ñom,
ne, Di nañu teral suma dōm.
38 Wande ba ligeykat ya sēne dōm ja, ñu
ne chi sēn bopa, Kile di dono gi ; ñou len, na
ñu ko rēy, te jel ndono am.
39 Ñu japa ko, sani ko chi biti tōl ba, te
rēy ko.
40 Su borom-tōl ba deluse nak, lan la di def
ligeykat yōgale ?
41 Ñu ne ko, Di na rēy nit ñu soh̤or ñōgale
chi choh̤or, te lūye tōl am yenen i ligeykat,
ñu ko di joh̤i mēñef yi chi sēn wah̤tu' ñorte.
42 Yesu ne len, Ndah̤ mosu len a janga chi
mbinda mi, ne, Doch wa tabah̤kat ya bañ on,
mō di neki bop' i tabah̤ ma : lile juge na fa
Borom bi, te koutef la chi suñu i but ?
43 Mōtah̤ ma ne len, Di nañu jele ngur i
Yalla fi yēn, te joh̤ ko h̤êt wu di mēña mēñef
am.
44 Ku dānuji chi doch wile, di na dama :
wande ku mu dānu chi kou am, di na ko mokal
kilip.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

45 Ba i njīt i seriñ ya ak Pharisee ya dēge
lēb am ya, ñu gis ne lu jem chi ñom la wah̤.
46 Ba ñu jēme japa ko, ñu ragal mbōlo ma,
ndege jape won nañu ko niki yonent.

## SAR 22

1 Yesu tontu te wah̤ati len chi i lēb, ne,
2 Ngur i ajana niro na ak bena bur bu
h̤umbal on nchēt i dōm am;
3 Te yōni i ndau am ñu ôal ko ña mu ô on
chi nchēt la; ñu bañ a dika.
4 Mu yōnêti yenen i ndau, ne, Wah̤ len ña
ma ô on, Da ma wāj suma añ, rēndi suma i
nag ak suma i rab yu dūf, te yepa emba na:
ñou len chi nchēt li.
5 Wande ñu sagane ko, te dem sēn yōn,
kena cha tōl am, kenen cha jayukay am:
6 Ña des japa i ndau am, tedadil len, te rēy
len.
7 Wande bur ba mer, yōni i h̤are am, rēylu
bōmkat yōyale, te laka sēn deka.
8 Fōfale mu ne i ndau am, Nchēt li emba
na, wande ña ma ô on motu ñu.
9 Dem len mbōk chi mbeda ya, te ñu ngēn
gis ñepa, ô len chi nchēt li.
10 Ndau ya dem cha mbeda ya, dajale ña
ñu gis ñepa, ña bon ak ña bāh̤ itam; nchēt la
fês ak ña ñu ô.
11 Wande ba bur ba h̤arafse ndah̤ mu sêt ña
ñou on, mu gis fa nit ku solul on chol i nchēt
ga:



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

12 Mu ne ko, H̤arit, naka nga fi h̤arafe, te
amu la chol i nchēt gi ? Wah̤ul dara.
13 Fōfale bur ba ne i rapas am, Ew len
loh̤o am ak tank' am, te sani ko chi lendem i
biti ; fōfale la joy di neka ak yey i buñ.
14 Ndege ñu bare la ñu ô, wande ñu new la
ñu tana.
15 Fōfale la Pharisee ya deme, te fēncha
naka ñu ko mun a jape chi kadu am.
16 Ñu yōni fi mōm sēn i tālube ak ga' Herod,
ne, Jemantalkat bi, h̤am nañu ne yā di dega,
di jemantale yōn i Yalla chi dega, te ragalu la
ken, ndege sêtu la kanam i nit.
17 Wah̤ ñu nak, Lo dēfe ? Ndah̤ dagan na
ñu joh̤ Cæsar ngalak, am dēt.
18 Wande Yesu gis sēn kēfēr, te ne len,
Lutah̤ ngēn di ma fire, yēn nafeh̤a yi ?
19 Won len ma h̤ālis i ngalak li. Ñu yub
ko h̤asab.
20 Mu ne len, Bile ban natal la ak mbinda ?
21 Nu ne ko, Cæsar la. Mu ne len mbōk,
Joh̤ len Cæsar yef i Cæsar ; te Yalla yef i
Yalla.
22 Ba ñu ko dēge, ñu jomi, bayi ko, te dem
sēn yōn.
23 Bes bōbale i Sadducee, ñu ne ndēkite
amul, ñou fi mōm, te lāj ko,
24 Ne, Jemantalkat bi, Musa wah̤ on na,
ne, Su nit dēe te amul dōm, rak' am war na
sey ak jabar am, te jur dōm chi mag am ;
25 Jurom ñar i dōm i ndey nak anga won
ak ñun : mag ba sey on na, dē, te amul dōm,
te bayi jabar am ak rak' am ;



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

26 Ñarel ba itam def nōgule, ak ñetel ba, be
cha jurom ñarel ba.
27 Ganou ga jigen ja itam dē.
28 Chi ndēkite ga mbōk, jabar i kan la di
neka chi jurom ñar ña? ndege ñepa sey on
nañu ak mōm.
29 Yesu tontu len, ne, Da ngēn jūm, ndege
h̤amu len mbinda ya, wala kantan i Yalla.
30 Ndege chi ndēkite ga du ñu sey, te du
ñu len maye chi sey, wande di nañu neka naka
malāka ya cha ajana.
31 Wande mosu len a janga lu jem chi ndē-
kite ga, la len Yalla wah̤ on, ne,
32 Mā di Yalla i Ibrayuma, ak Yalla i
Isaka, ak Yalla i Yanh̤oba? Yalla du Yalla
i ñu dē ña, wande ñu dunda ña.
33 Ba ko mbōlo ma dēge, ñu jomi cha
njemantal am.
34 Wande ba Pharisee ya dēge ne mō nopilo
won Sadducee ya, ñu dajalo.
35 Kena chi ñom ku h̤amkat i yōn la won,
lāj ko di ko fir, ne,
36 Jemantalkat bi, ban eblê gen a rey chi
yōn wi?
37 Mu ne ko, Na nga sopa Borom bi sa
Yalla ak sa h̤ol bepa, ak sa fit wepa, ak sa
nh̤el mepa.
38 Bile di eble bu rey ba ak bu jeka ba.
39 Te ñarel bu niro ak mōm di bile, Na nga
sopa sa morom niki sa bopa.
40 Chi ñar i eble yile la yōn wa yepa ak la
yonent ya bind' on japu.
41 Ba Pharisee ya dajalô, Yesu lāj len, ne,



Digitized by Google
Original from HARVARD UNIVERSITY

42 Lan ngēn dēfe chi Krista? dōm i kan la?
Ñu ne ko, Dōm i Dauda.
43 Mu ne len, Naka la ko Dauda chi Nẖel
ma ôe Borom bi mbōk, ne,
44 Borom bi nôn na suma Borom, Tôgal
chi suma ndējor, be ma def sa i mbañ chi sa
run tanka?
45 Su ko Dauda ôe Borom bi, naka mu
neke dōm am?
46 Ken munu ko tontu bena bāt, te cha
ganou lōlale, ken ñemeñatu ko lāj dara.

## SAR 23

1 Fōfale Yesu waẖ mbōlo ma ak i tālube
am, ne,
2 Bindānkat ya ak Pharisee ya tōg nañu
chi tōgu' Musa:
3 Mōtaẖ lu mu mun a don lu ñu len ebal,
dēgal len, te def ko; wande bu len def naka
sēn i jef; ndege ño di waẖ, te du ñu def.
4 Ño di taka say yu dīs, te mite yubu, teg
len chi i mbag i nit; wande ñom du ñu len
randal ak sēn baram.
5 Wande ño di def sēn i jef ndaẖ nit gis
len: ndege ño di yāal sēn i galaj, te reyal sēn
i mbichaẖtan i mbūba,
6 Te sopa bereb yu koue chi i mbôtay, ak
tōgu yu koue chi juma ya,
7 Ak i noyo chi i ndaje, te nit di len ôe,
Rabbi.
8 Wande yēn, bu ñu len ôe Rabbi: ndege



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

kena di sēn jemantalkat, te yēn a di i
morom.
9 Bu len ôe kena sēn bay chi aduna si;
ndege kena di sēn Bay mu di ka cha ajana.
10 Bu ñu len ôe borom; ndege kena di sēn
borom, mō di Krista.
11 Wande ku gen a rey chi sēn digante, na
neka sēn bukanēg.
12 Ku yēkati bop' am, di nañu ko sufel; te
ku sufelu bop' am, di nañu ko yēkati.
13 Wande subohun yēn, bindānkat yi ak
Pharisee yi, nafeha yi! ndege da ngēn tej
bunt' i ngur i ajana chi nit: te yēn chi sēn
bopa du len cha tabi; te nanguwu len ña buga
tabi ñu tabi cha.
15 Subohun yēn, bindānkat yi ak Pharisee
yi, nafeha yi! ndege da ngēn wor gēch ak jēri
ndig sopi bena tubēn; te ganou bu mu neke
nōna, ngēn genati ko def mu neka dōm i nāri
as yēn.
16 Subohun yēn, njītekat yu silmaha yi,
yēn ñi wah, ne, Ku di geñ chi juma ja, dara
la; wande ku di geñ chi wurus i juma ja, war
na ko motali.
17 Dof yi ak silmaha yi: bu chi gen a rey,
wurus wā'm, am juma ja di selal wurus wa?
18 Te, Ku di geñ cha lotel ba, dara la;
wande ku di geñ cha maye ga cha kou am,
war na ko motali.
19 Silmaha yi: bu chi gen a rey, maye
gā'm, am lotel ba di selal maye ga?
20 Ku di geñ cha lotel ba mbōk, geñ na cha
mōm, ak la cha kou am yepa.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

21 Te ku di geñ cha juma ja, geñ na cha
mōm, ak ka fa deka.
22 Te ku di geñ cha ajana, geñ na cha gan-
gūne' Yalla, ak cha mōm ka tōg cha kou am.
23 Subohun yēn, bindānkat yi ak Pharisee
yi, nafeha yi! ndege da ngēn fey asaka i oyof
ya, te sagane yef i yōn wa gen a rey, mu di
njūbay, ak yermande, ak ngum: yile ñom
ngēn war on a def, te bañ a sagane yena ya.
24 Njītekat yu silmaha yi, ña sēga ab yô, te
wona gelem.
25 Subohun yēn, bindānkat yi, ak Pharisee
yi, nafeha yi! ndege da ngēn di setal biti'
ndap ak kela, wande cha bir fês na ak ndāntu
ak nchaychay.
26 You Pharisee bu silmaha bi, setalal jeka
bir i ndap li ak kela bi, ndah cha biti set itam.
27 Subohun yēn, bindānkat yi, ak Pharisee
yi, nafeha yi! ndege da ngēn niro ak bamel
ya ñu wêhal, ñu rafet chi biti, wande chi bir
fês ak i yah i ñu dē, ak nubay gu mun a don.
28 Nōgu itam ngēn di wone njūlit chi nit
chi biti, wande chi bir da ngēn fês ak nafeha
ak bakar.
29 Subohun yēn, bindānkat yi, ak Pharisee
yi, nafeha yi! ndege da ngēn tabah i bamel i
yonent ya, te rafetlo i bamel i ñu jūb ña,
30 Te ne, Su ñu nek' on chi suñu bes i bay
ya, doū ñu on bōlo ak ñom chi deret i yonent
ya.
31 Yēn a sēde lōgu chi sēn bopa, ne yēn a
di dōm i ña rēy on yonent ya.
32 Fêsal len mbōk sēn andār i bay ya.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

33 Jạn yi, dōm i ñangor yi, naka ngēn
munê moytu ndān i nāri?
34 Taḫna yōne nā len i yonent, ak i borom-
sago, ak i ḫamkat: di ngēn rēy ñena ñi, te
dāj len cha kura; te di ngēn rataḫ ñena ñi
chi sēn i juma, te geten len chi dek' ak deka:
35 Ndaḫ deret i ñu jūb ña yepa ja tūru on
chi suf ñou chi sēn kou, dôre ko cha deret i
Abel ku jūb ka, be cha deret i Zachariah dōm
i Barachiah, ka ngēn rēy on chi digante bereb
bu sela ba ak lotel ba.
36 Chi dega mangi len di waḫ, Yef yịle
yepa di nañu dal ḫêt wile.
37 E Jerusalem, Jerusalem, mu rēy yonent
ya, te jamat i ḫêr ña ñu ko yōne! naka lā dọn
faral a buge dajale sēn i dōm, naka ganar gu
di dajale i dōm am chi run lāf am, te ngēn
bañ.
38 Sēn nēg des na ak yēn te genta na.
39 Ndege mangi len di waḫ, Du len ma
gisati be bu ngēn di waḫi, ne, Barkel chi ka di
dika chi tur i Borom bi.

## SAR 24

1 Yesu don na gēna cha juma ja, di dem
yōn am; te i tālube am ñou fi mōm, di ko won
i tabaḫ i juma ja.
2 Wande mu tontu len, ne, Sêtu len yef
yile yepa? Chi dega mangi len di waḫ, Bena
ḫêr du des chi kou morom am bu ñu dul dānel
chi suf.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

3 Ba mu tōge chi tūnda i Olive ya, tālube
ya ñou fi mōm chi mpet, ne, Wah̤ ñu, kañ la
yef yile di ami? te la di doi sa mandarga'
ndika, ak i muj i aduna si?
4 Yesu tontu len, ne, Otu len bu len kena
nah̤.
5 Ndege ñu bare di nañu ñoui chi suma tur,
ne, Mā di Krista, te di nañu nah̤i ñu bare.
6 Te di ngēn dēga i h̤are ak i h̤abar i h̤are:
otu len ngēn jāh̤le: ndege yile soh̤la naño am;
wande muj ga dikangul.
7 Ndege h̤êt di na jog chi kou h̤êt, ak ngur
chi kou ngur: i h̤īf di nañu ami, ak i yengatu'
suf si chi bereb yu bare.
8 Wande yile yepa ndôrte i nah̤ar la.
9 Fōfale di nañu len jebale ndah̤ ñu geten
len, te di nañu len rēy: h̤êt yi yepa di ṇañu
len sib ndig man.
10 Fōfale ñu bare di nañu fakatalu, orante,
te sibante.
11 Yonent i nafeh̤a yu bare di nañu jogi, te
nah̤ ñu bare.
12 Te ndig bakar di na fūs, nchofel i ñu
bare di na wañiku.
13 Wande ka di muñ be cha muj ga, di na
mucha.
14 Bile linjil i ngur gi, di nañu ko wāre chi
aduna si yepa ndig sēde chi h̤êt yi yepa; cha
ganou ga muj ga di na ñou.
15 Bu ngēn di gisi suboh̤un ak h̤udosun
mbōk mu di tah̤ou chi bereb bu sela ba,
naka Daniel yonent ba wah̤ on (ka ko janga
na h̤am),



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

16 Fōfale na ña neka chi Judæa dou cha
tūnda ya :
17 Ku neka chi kou nēg, bu mu wacha
mu gēne yef ya chi nēg am :
18 Te ku neka chi tōl am, bu mu delusêti
jel yēre am.
19 Wande ndeysan jigen ña bir, ak ña
di nampal chi bes yōgale!
20 Ñān len ndah̤ sēn dou du neka chi
wah̤tu' seda, wala chi bes i dimas :
21 Ndege chi wah̤tu wōwale, nah̤ar wu rey
di na ami, naka mu mosulê am cha ndôrte'
aduna si bentey, dēt, te dōtu am bel mōs.
22 Su ñu gatalul on bes yōgale, ken du kon
muchi : wande ngir ña ñu tana, di nañu gatal
bes yōgale.
23 Fōfale su ñu len ne, Krista angile, mbāte
mungale ; bu len ko gum.
24 Ndege Krista yu nafeh̤a di nañu jogi, ak
yonent yu nafeh̤a, te wone mandarga yu rey
ak i koutef ; be ñu di nah̤i ña ñu tana sah̤, su
munê am.
25 Mangi len di yēgal bala wah̤tu wa jot.
26 Mōtah̤ su ñu len wah̤e, ne, Munga cha
manding ma ; bu len fa dem : munga chi bir
nēg ya ; bu len ko gum.
27 Ndege naka melah̤ ma jugê cha penku,
te fêñu be cha h̤arfu, nōgu la ndika i Dōm i nit
ka di mel.
28 Fu rēnda neka, fa la jah̤ay ya di
dajalo.
29 Cha ganou nah̤ar i bes yōyale, nōn' ak
nōna janta bi di na lendem, wêr wi du joh̤e



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

lêr am, bidiw yi di nañu dānu cha asaman,
te i kantan i asaman si di nañu yengatu :
30 Fōfale mandarga i Dōm i nit ka di na
fêñ cha asaman ; h̤êt i aduna si yepa di nañu
yeremtu, te di nañu gis Dōm i nit ka mu di
ñou chi i nir i asaman si ak kantan ak ndam
lu rey.
31 Te di na yōni malāka am ya ak nchōu
i bufta bu rey, te di nañu dajale ña mu tan'
on chi ñenent i ngelou yi, cha bop' i asaman
be cha muj ga.
32 Dēglu len nak lēb i garap i sōto ga : ba
banh̤as am mokase, te i h̤ob am suh̤ase, h̤am
ngēn ne nauet jegeñsi na ;
33 Nōgu itam su ngēn gise yef yile yepa,
na ngēn h̤am ne jegeñsi na, be chi sēn bunta
sah̤.
34 Chi dega mangi len di wah̤, H̤êt wile du
wey be yef yile yepa am.
35 Asaman ak suf di na wey, wande suma i
bāt du wey.
36 Wande ken h̤amul bes bōbale ak wah̤tu
wōgale, du malāka i ajana ya sah̤, wala Dōm
ja, wande suma Bay bi dal.
37 Naka i bes i Noah nek' on, nōgu la ndika
i Dōm i nit ka di meli.
38 Ndege naka chi bes yu jītu on tufan la,
ñunga don leka, nān, sey te seylo, be cha bes
ba Noah h̤arafe chi gāl ga,
39 Te yēgu ñu be tufan la ñou yubuāle len
ñepa ; nōgu la ndika i Dōm i nit ka di meli.
40 Fōfale ñar i nit di nañu neki chi tōl ; ñu
jel kena, te bayi ka cha des :



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

41 Ñar i jigen di nañu di wol chi wolukay;
ñu jel kena, te bayi ka cha des.
42 Otu len mbōk; ndege ḫamu len ban bes
la sēn Borom di ñoui.
43 Wande ḫam len lile, ne su borom-ker ga
ḫam on chi wan waḫtu la sachakat ba di ñou,
otu kon na, te du bayi mu toj nēg am.
44 Mōtaḫ na ngēn di defaru yēn it: ndege
Dōm i nit ka di na ñoui chi waḫtu bu ngēn
dul fōg.
45 Kan a di bukanēg mbōk bu taku te têy,
bu borom am jītal chi ker am, ndaḫ mu joḫ
len sēn dundu chi waḫtu wa?
46 Barkel chi bukanēg bōbale, ba borom am
di feka mu di def nōga ba mu agse.
47 Chi dega mangi len di waḫ, Di na ko teg
njīt cha la mu am yepa.
48 Wande su bukanēg bu bon bale waḫe chi
ḫol am, ne, Suma borom yīḫ na;
49 Te dal di dōr i naule am, leka ak nān ak
mandikat ya;
50 Borom i bukanēg bōbale di na ñou chi
bes bu mu ko sēnuwul, ak chi waḫtu wu mu
ḫamul,
51 Dog ko chi diga, te sedāle ko nafeḫa
ya: fōfale la joy di neka, ak yey i buñ.

## SAR 25

1 Fōfale di nañu nirale ngur i ajana ak
fuk' i ḫēk, ñu jel on sēn i lampa, di gatanduji
borom-seyt.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

2 Jurom chi ñom nek' on nañu ñu ñaka
sago, te jurom ña di ñu am sago.
3 Ñu ñaka sago ña jel sēn i lampa, te yub-
uāleū ñu diwlin ak ñom:
4 Wande ñu am sago ña yubuāle diwlin chi
sēn i ndap ak sēn i lampa.
5 Ba borom-seyt ba yīh̤e, ñepa gemantu te
nelou.
6 Wande chi dig' i gudi h̤āchu ma jib, ne,
Borom-seyt bā'nge dika! Dem len, gatanduji
ko.
7 Fōfale h̤ēk yōyale yepa jog, te jagal sēn i
lampa.
8 Ñu ñaka sago ña wah̤ ñu am sago ña, ne,
May len ñu chi sēn diwlin; ndege suñu i
lamp' ange fey.
9 Wande ñu am sago ña tontu, ne, H̤ēchna
du doy chi ñun ak yēn: na ngēn dem fa ña
di jay, te jendal sēn bopa.
10 Ba ñu deme di jendi, borom-seyt ba agsi;
te ña jaglu on h̤arafando ak mōm cha nchēt
la; te bunta ba teju.
11 Cha ganou ga yenen h̤ēk ya ñou itam,
ne, Borom bi, Borom bi, ūbi ñu.
12 Wande mu tontu, ne, Chi dega mangi
len di wah̤, h̤amu ma len.
13 Otu len mbōk, ndege h̤amu len bes ba,
wala wah̤tu wa.
14 Mel na niki nit ku don tūki chi benen
rew, mu ôlu i jām am, te dēnka len alal am.
15 Mu joh̤ kena jurom i talent, kenen ñar,
kenen bena; ku chi neka ak munmun am; te
dal di tūki.



Digitized by Google

Original from
HARVARD UNIVERSITY

16 Fōfale ka mu joh̤ on jurom i talent ya
dem jayatu, te doli yenen jurom i talent.
17 Ka mu joh̤ on ñar ya itam, tofal cha
yenen ñar.
18 Wande ka mu joh̤ on bena, mu dem,
gas chi suf si, te nuba h̤ālis i borom am.
19 Ba mu yāge cha ganou, borom i jām
yōya delusi, te jel konta ak ñom.
20 Ka mu joh̤ on jurom i talent ya ñou, te
indi yenen jurom i talent, ne, Borom bi, joh̤
on nga ma jurom i talent: yenen jurom i
talent angi yi ma chi doli.
21 Borom am ne ko, Wau gōr, E jām bu
bāh̤ bi te taku: da nga gōre chi lu new, di nā
la teg njīt chi lu bare: h̤arafsil chi sa banēh̤ i
borom.
22 Ka mu joh̤ on ñar i talent ya ñou itam,
ne, Borom bi, joh̤ on nga ma ñar i talent:
yenen ñar i talent angi yi ma chi doli.
23 Borom am ne ko, Wau gōr, E jām bu
bāh̤ bi, te taku: da nga gōre chi lu new, di nā
la teg njīt chi lu bare: h̤arafsil chi sa banēh̤
i borom.
24 Ka mu joh̤ on bena talent ñou itam,
ne, Borom bi, H̤am nā ne yā di nit ku āy-
bir; da nga gōb fo jiūl on, te di forātu fo
tūrul on;
25 Ma ragal on, te dem, nuba sa talent chi
suf si: li nga mōm angile.
26 Wande borom am tontu ko, ne, E jām
bu bon bi, te tayal; h̤am on nga ne da ma gōb
fu ma jiūl on, te forātu fu ma tūrul on;
27 Tah̤na war on nga joh̤e wēchikat yi



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

suma h̤ālis; kônte su ma ñoue, am kon nā la
ma mōm ak suma ngañmay.
28 Nangu len talent bi chi mōm mbōk, te
joh̤ ko ki ame fuk' i talent yi.
29 Ndege ku am la ñu di joh̤, te di na am
lu bare; wande ku amul, di nañu nangu la
mu el' on a am sah̤.
30 Te sani len jām bu jeriñul bi cha lendem
i biti: fōfale la joy di neka, ak yey i buñ.
31 Bu Dōm i nit ka di ñoui chi ndam am,
ak malāka ya yepa and' ak mōm, di na tōg chi
kou gangūne' ndam am:
32 Di na dajale h̤êt yi yepa chi kanam am;
te di na len h̤ajātle ku neka chi morom am,
naka sama di h̤ajātle i nh̤ar ak i bey:
33 Di na teg nh̤ar ya chi ndējor am, wande
bey ya chi chamoñ am.
34 Fōfale Bur ba di na wah̤ ña cha ndējor
am, ne, Ñou len, yēn ña suma Bay barkel,
dona len rew mu ñu len wājal on cha ndôrte'
aduna si:
35 Ndege da ma h̤īf on, ngēn joh̤ ma ma
leka: da ma mar on, ngēn joh̤ ma ma nān:
da ma don gan, ngēn ganale ma:
36 Ma rāfle, ngēn sānga ma: ma jēr, ngēn
sêtsi ma: ma neka chi kaso, ngēn ñou fi
man.
37 Fōfale ñu jūb ña di nañu ko tontu, ne,
Borom bi, kañ la ñu la gis on nga h̤īf, te ñu
dundal la? wala nga mar, te ñu joh̤ la nga
nān?
38 Kañ la ñu la gis on nga di gan, ñu
ganale la? wala nga rāfle, ñu sānga la?



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

39 Kañ la ñu la gis on nga jēr, wala chi
kaso, te ñu sêtsi la?
40 Bur ba di na len tontu, ne, Chi dega
mangi len di wah̤, Ndege def on ngēn ko chi
kena chi suma i mboka yile ku gen a tūt, man
ngēn ko defal on.
41 Fōfale di na wah̤ ña chi chamoñ am, ne,
Randu len ma, yēn ñi alaku, dem len cha
safara su dul jêh̤, ba ñu wājal on Seytane ak
i malāk' am:
42 Ndege da ma h̤īf on, joh̤u len ma ma
leka: ma mar, joh̤u len ma ma nān:
43 Ma don gan, ganaleū len ma: ma rāfle,
sāngu len ma: ma jēr, te neka chi kaso, te
sêtsiū len ma.
44 Ñom it di nañu ko tontu, ne, Borom bi,
kañ la ñu la gis on nga h̤īf, wala nga mar,
wala nga di gan, wala nga rāfle, wala nga jēr,
wala chi kaso, te dimaliū ñu la?
45 Di na len tontu, ne, Chi dega mangi
len di wah̤, Ndege defu len ko won chi
ku gen a tūt chi ñile, man ngēn ko defa-
lul on.
46 Ñile di nañu dem chi ndān gu dul jêh̤:
wande ñu jūb ña chi dunda gu dul jêh̤.

## SAR 26

1 Am on na, ba Yesu sotal on bāt yōyale
yepa, mu ne i tālube am,
2 H̤am ngēn ne cha ganou ñar i fan h̤ewte



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

ga di na jot, te ñu or Dōm i nit ka ndah̤ ñu
dāj ko chi kura.
3 Fōfale i njīt i seriñ ya ak i mag i nit ña
dajalo fi ker i kēlifa i seriñ ya, ku tūda Caia-
phas,
4 Te ñu wah̤ante chi sēn bopa ndah̤ ñu japa
Yesu chi mūste, te rēy ko.
5 Wande ñu ne, Du chi h̤ewte ga, lēgi
nchōu buga joge chi digante ñit ña.
6 Ba Yesu neke chi Bethany nak, chi nēg i
Simon gāna ga,
7 Jena jigen, ju am ndap i diw gu h̤ēñ gu
jafe njēg lol, ñou fi mom, te tūr ko chi bop'
am ba mu tōge di leka.
8 Wande ba ko tālube ya gise, ñu mer, ne,
Lu waral yah̤a gile?
9 Ndege mun on naño jay diw gu h̤ēñ gile,
te am chi lu bare, sarah̤ ko miskin yi.
10 Wande Yesu h̤am ko, ne len, Lutah̤ ngēn
di geten jigen ji? ndege defal on na ma jef ju
bāh̤.
11 Ndege am ngēn miskin ya chi sēn
digante sā su neka; wande man du len ma am
sā su neka.
12 Ndege ba mu tūre diw gu h̤ēñ gile chi
suma yaram, def na ko ndig suma sūl.
13 Chi dega mangi len di wah̤, Fu ñu mun
a wāre linjil bile chi aduna si yepa, di nañu
nitali la jigen jile def on ndah̤ di ko fata-
lako.
14 Fōfale kena chi fuk' ak ñar ña, ku tūda
Judas Iscariot, dem fa i njīt i seriñ ya,
15 Te ne len, Lan ngēn ma joh̤, te di nā len



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

ko jebal? Ñu dige ak mōm ñeta fuk' i dogit
i h̤alis.
16 Cha ganou lōlu mu ūt naka la ko mun a
ore.
17 Chi bes i h̤ewte i mburu' njanja bu jeka,
tālube ya ñou fi Yesu, ne, Fan nga buga ñu
wājal la ndah̤ nga leka h̤ewte gi?
18 Mu ne, Dem len chi bir deka ba fa kena
nit, te ne ko, Jemantalkat ba ne, Suma wah̤tu
jegeñsi na; di nā h̤umbal h̤ewte ga chi sa nēg,
ak suma i tālube.
19 Tālube ya def la len Yesu wah̤ on, waj
h̤ewte ga.
20 Ba ngon jote, mu tōg di leka ak fuk' i
tālube ya ak ñar;
21 Ba ñu di leka, mu ne, Chi dega mangi
len di wah̤, kena chi yēn di na ma ori.
22 Ñu nah̤arlu bu miti, te ku neka dal ne
ko, Borom bi, man lā'm?
23 Mu tontu, ne, Ki jō loh̤o am ak man chi
ndap li, kōka ma ori.
24 Dōm i nit ka di na dem naka ñu bind'
on la jem chi mōm; wande suboh̤un nit ka ko
ori! bāh̤ on na chi nit kōkale su juduūl on.
25 Fōfale Judas ma ko or, tontu ne, Man
lā'm, Rabbi? Mu ne ko, Wah̤ nga ko.
26 Ba ño leka, Yesu jel mburu, gerem Yalla,
dogat ko, te joh̤ ko tālube ya, ne, Jel len,
leka; lile suma yaram la.
27 Mu jel mbatu, gerem Yalla, te joh̤ len
ko, ne, Nān len chi yēn ñepa;
28 Ndege lile di suma deret i koleri gu ês,
ja di tūru ndig ñu bare ndege mbaale' i bakar.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

29 Wande mangi len di wah̤, Du ma nānati
dōm i garap i biñ bile, be cha bes bōba ma ko
nāni bu ês ak yēn chi suma ngur i Bay.
30 Ba ñu sante, ñu dem chi tūnda i Olive
ya.
31 Fōfale Yesu ne len, Di ngēn fakatalu
ndig man chi gudi gile yēn ñepa : ndege binda
nañu, ne, Di nā dōr sama ba, te i nh̤ar i gēta
ga di nañu h̤ajātlaku.
32 Wande ganou bu ma dēketi, di nā len
jītu cha Galilee.
33 Wande Peter tontu ko, ne, Su ñepa faka-
talô ndig you, man du ma fakatalu muk.
34 Yesu ne ko, Chi dega ma ne la, chi gudi
gile, bala seh̤a ga sab, di nga ma wēdi ñet i
yōn.
35 Peter ne ko, Su ma dēe ak you sah̤, du
ma la wēdi. Tālube ya yepa ne nōga itam.
36 Yesu nak ñou ak ñom chi bereb bu tūda
Gethsemane, te ne i tālube am, Tōg len file
ba ma dem ñān fale.
37 Mu jel ak mōm Peter ak ñar i dōm i
Zebedee, dôr di yogorlu ak nah̤arlu lol.
38 Mu ne len, Suma fit angi nah̤arlu bu
miti, be chi dē sah̤ : jēki len file, te otu ak
man.
39 Mu dem tūti cha kanam, defēnu chi suf,
te ñān, ne, E suma Bay, su munê am, na
nānu bile wey fi man : wande du naka ma ko
buge, wande naka nga ko buge.
40 Mu ñou fi tālube ya, feka len ñu di
nelou, te ne Peter, Lan ! munu len a otu ak
man wena wah̤tu ?



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

41 Otu len te ñān, ndaḫ du len tabi chi
bulis: fit wi souar na chi dega, wande yaram
wi new na dōle.
42 Mu dem ñarel i yōn wa, te ñān, ne, E
suma Bay, su lile munulê wey, lu moy ma
nān ko, lo buga na am.
43 Mu ñouati, feka len ñu di nelou, ndege
sēn i but dīs on nañu.
44 Mu bayiati len, dem, te ñān ñetel i yōn
wa, waḫati bāt yōgale.
45 Fōfale mu ñou fi tālube ya, te ne len,
Nelou len lēgi, te nopalaku: waḫtu wi jegeñsi
na, te or nañu Dōm i nit ka chi loḫo i bakar-
kat ya.
46 Jog len, na ñu dem, ki ma orsi jegeñsi
na.
47 Ba mu waḫandô, Judas, kena chi fuk' ak
ñar ña, ñou, and' ak mōm mbōlo mu rey ñu
am i jāsi ak i doko, ñu juge fa i njīt i seriñ ya
ak i mag i nit ña.
48 Ki ko or nak joḫ na len firnde, ne, Ka
ma fōni, mōm la: japa len ko.
49 Mu ñou fi Yesu chi taḫouay, ne, Noyu
nā la, Rabbi, te mu fōn ko.
50 Yesu ne ko, Anda, *defal* li la taḫ a dika.
Fōfale ñu ñou, teg sēn i loḫo chi Yesu, te jel ko.
51 Kena chi ña neka ak Yesu talal loḫo am,
bochi jāsi am, dōr rapas i kēlifa i seriñ ya, te
dog nop' am.
52 Yesu ne ko, Delōl sa jāsi chi mbar am:
ndege ñepa ña fab jāsi, di nañu dānu ak
jāsi.
53 Dēfe nga ne munu ma dagān suma Bay,



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

te lēgi mu may ma lu upa jurom bena fuka
njūne' malāka am?
54 Wande naka la mbinda mi di motalikô,
ne nōgu la ela ame?
55 Chi wah̤tu wōwale Yesu ne mbōlo ma,
Dika ngēn jelsi ma ak i jāsi ak i doko, niki
sachakat? Dan nā tōg ak yēn gir gu neka, di
jemantale chi juma ja, te japu len ma won.
56 Wande lile yepa am na, ndah̤ mbinda i
yonent ya motaliku. Fōfale la ko tālube ya
yepa woche, te dou.
57 Ña jap' on Yesu yubu ko cha nēg i
Caiaphas, kēlifa i seriñ ya, fa bindānkat ya ak
mag ya dajalo won.
58 Wande Peter topa ko bu sorey chi ker i
kēlifa i seriñ ya, h̤araf chi bir, te tōg ak rapas
ya, ndah̤ mu sêt muj ga.
59 I njīt i seriñ ya nak ak ndaje ma yepa ūt
sēde i fen lu jem chi Yesu, ndah̤ ñu rēy ko.
60 Sēdekat i fen yu bare ñou nañu, wande
amu ñu dara. Cha ganou ga ñar ñou, ne,
61 Nit kile wah̤ on na, ne, Mun nā dānel
juma' Yalla, te tabah̤ati ko chi ñet' i fan.
62 Kēlifa i seriñ ya jog, te ne ko, Do tontu
dara? li la ñile sēdêl?
63 Wande Yesu japa gemeñ am. Kēlifa i
seriñ ya ne ko, Mangi la dagān chi tur i Yalla
ji di dunda, nga wah̤ ñu ndah̤ yā di Krista,
Dōm i Yalla.
64 Yesu ne ko, Wah̤ nga ko: te mangi len
di wah̤, Ganou lile di ngēn gisi Dōm i nit ka
mu di tōg chi loh̤o' ndējor i kantan, di wacha-
si chi i nir i asaman.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

65 Fōfale kēlifa i seriñ ya h̤oti chol am, ne,
H̤as na Yalla : ban sēde la ñu soh̤lāti ? Dēga
ngēn h̤as am nak :
66 Lan ngēn dēfe ? Ñu tontu ne, Dagan
na dē.
67 Fōfale ñu tufli chi kanam am, te mbu-
mbanda ko : ñenen dōr ko ak sēn i loh̤o,
68 Ne, Tolātle ñu, you Krista, kan a la dōr ?
69 Peter nak don na tōg cha biti cha ker
ga : bena janh̤a ñou fi mōm, ne, Yā nek' on
ak Yesu wā' Galilee ba.
70 Wande mu wēdi chi kanam i ñepa, ne,
H̤amu ma li nga wah̤.
71 Ba mu deme be h̤araf cha rum ba, kenen
gis ko, te ne ña fa neka, Kile nek' on na itam
ak Yesu wā' Nazareth ba.
72 Mu wēdêti ak ngeñ, ne, H̤amu ma nit ki.
73 Ganou lōlale tūti, ña tah̤ou fa ñou fi
Peter, te ne ko, Chi dega kena chi ñom nga ;
ndege sa laka fêñal na la.
74 Fōfale mu dal di mōlu, di geñ, ne, H̤amu
ma nit ki. Nōn' ak nōna seh̤a ga sab.
75 Peter fataliku bāt ba Yesu wah̤ on, ne,
Bala seh̤a ga sab, di nga ma wēdi ñet' i yōn.
Mu gēna, te joy bu miti.

## SAR 27

1 Ba lelek sa jote, i njīt i seriñ ya ak i mag
i nit ña ñepa fēnchu Yesu, ndah̤ ñu rēy ko.
2 Ñu ew ko, omat ko, te jebal ko Pilate
kēlifa ga.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

3 Fōfale Judas, ka ko or on, ba mu gise ne
ey nañu ko, mu rēchu, te indêti ñeta fuk' i
dogit i h̤ālis chi i njīt i seriñ ya ak mag ya, ne,
4 Da ma bakar chi niki ma ore deret i ku
set ka. Wande ñu ne, Lu ñu soh̤al chi lōla?
Sêtal sa bopa.
5 Mu sani dogit i h̤alis ya chi suf chi juma
ja, gēna, te dem, engä bop' am.
6 I njīt i seriñ ya jel dogit i h̤alis ya, ne,
Daganul ñu def ko chi dēnchukay bu sela bi,
ndege njēg i deret la.
7 Ñu fēncho, te jende h̤ālis ba tōl i ku dan
tabah̤ i ndā, ndah̤ ñu di fa sūl i doh̤andem.
8 Mōtah̤ ñu tūde tōl bōba, Tōl i deret
bentey.
9 Fōfale lu Jeremiah yonent ba wah̤ on
motaliku, ne, Fab on nañu ñeta fuk' i dogit
i h̤ālis, njēg i ka ñu ap' on, ka ñena chi dōm i
Israel ya ap' on,
10 Te joh̤ len ko tōl i ku dan tabah̤ i ndā,
naka ma ko Borom bi eble won.
11 Yesu tah̤ou chi kanam i kēlifa ga, te
kēlifa ga lāj ko, ne, Ndah̤ yā di Bur i Yauod
ya? Yesu ne ko, Wah̤ nga ko.
12 Ba ko i njīt i seriñ ya ak mag ya jêñe,
tontuwul dara.
13 Mōtah̤ Pilate ne ko, Dēgu la yef yi ñu
la sēdêl?
14 Tontuwu ko dara, du bena bāt sah̤;
tah̤na kēlifa ga jomi lol.
15 Chi h̤ewte ga nak, kēlifa ga dan na bayi
cha mbōlo ma kena cha ña ñu tej on, ku ñu
buga.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

16 Am on nañu chi wah̤tu wōwale sachakat
bu dēgu on, ku tūda Barabbas.
17 Ba ñu dajalô, Pilate ne len, Kan ngēn
buga ma joh̤ len ? Barabbas, am Yesu ki tūda
Krista ?
18 Ndege h̤am on na ne ndig kañān la ñu
ko jebale.
19 Ba mu tōge chi ateukay ba, jabar am
yōni fi mōm, ne, Bul bōlo chi yef i kōku nit
ku jūb ; ndege da ma yēg yef yu bare bes bile
chi gēnta ndig mōm.
20 I njīt i seriñ ya nak ak mag ya digal
mbōlo ma ñu lāj Barabbas, te rēylu Yesu.
21 Wande kēlifa ga tontu len, ne, Kan
chi ñar ñi ngēn buga ma joh̤ len ? Ñu ne,
Barabbas.
22 Pilate ne len, Lan lā ela def mbōk ak
Yesu ki tūda Krista ? Ñepa ne, Na ñu ko dāj
chi kura.
23 Kēlifa ga ne, Lutah̤, lan lu bon la def ?
Wande ñu h̤āchu bu bāh̤, ne, Na ñu ko dāj
chi kura.
24 Ba Pilate gise ne munul dara, wande
nchōu anga buga jog, mu jel ndoh̤ te rah̤as
i loh̤o am chi kanam mbōlo ma, ne, Man
mūmin lā chi deret i nit ku jūb kile : na ngēn
ko sêt.
25 Nit ña ñepa tontu, ne, Na deret am dal
chi suñu kou ak chi suñu kou i dōm.
26 Tah̤na mu joh̤ len Barabbas ; wande
Yesu mu ratah̤ ko, te jebale ko ndah̤ ñu dāj
ko chi kura ba.
27 Fōfale i h̤arekat i kēlifa ga yubu Yesu



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

chi ker i ate ga, te dajale fi mōm sēn i
morom yepa.
28 Ñu ñōri ko, te solal ko chol gu h̤onh̤a.
29 Ñu lēta mbah̤ana i dek, te teg ko chi
bop' am, ak sonka chi ndējor am; ñu sūka
chi kanam am, te ñaual ko, ne, Jamom, Bur
i Yauod ya!
30 Nu tufli ko; jel sonka ba, te dōr ko chi
bop' am.
31 Ba ñu ko ñauale, ñu ñōri ko, solal ko
chol am, te omat ko ndah̤ ñu dāj ko cha
kura ba.
32 Ba ñu gēne, ñu feka wā' Cyrene ku tuda
Simon: mōm la ñu jeñtal mu and' ak ñom
ndah̤ mu gadu kura ba.
33 Ba ñu dike fa bereb bu tuda Golgotha,
lu tiki ne, Bereb i h̤ot i bopa,
34 Ñu joh̤ ko biñ bu ñu bōle ak weh̤tan
ndah̤ mu nān: ba mu ko mose, mu bañ a
nān.
35 Ba ñu ko dāje cha kura ba, ñu sedo chol
am chi sēn bopa, di wuri:
36 Ñu tōg, di ko otu fōfale.
37 Ñu teg chi kou bop' am njêñ am, ba ñu
bind' on nile: KILE DI YESU BUR I YAUOD YA.
38 Fōfale ñu dājāle cha i kura itam ñar i
sachakat, kena chi ndējor am, ak kenen chi
chamoñ am.
39 Ña fa romba sāga ko, di yengal sēn i
bopa, ne,
40 You mi dānel jama ja te tabah̤ati ko chi
ñet' i fan, musalal sa bopa. So de Dōm i
Yalla, wachal chi kura bi.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

41 I njīt i seriñ ya itam, ak bindānkat ya
ak mag ya ñaual ko, ne,
42 Musal na ñenen; munul a musal bop'
am. Mō di Bur i Israel: na wacha lēgi chi
kura bi, te di nañu ko gum.
43 Mu ōlu Yalla; na ko musal lēgi, su ko
buge; ndege nôn na, Mā di Dōm i Yalla.
44 Sachakat ya itam, ña ñu dājāle won chi
kura ya, ñu h̤as ko nōga.
45 Cha fuk' i wah̤tu ak ñar nak be cha ñet'
i wah̤tu, lendem neka chi kou suf si yepa.
46 Chi ñet' i wah̤tu potah̤, Yesu h̤āchu be
cha kou, ne, Eli, Eli, lama sabachthani? mu
tiki ne, Yalla man, Yalla man, lutah̤ nga
wocha ma?
47 Ñena ñu tah̤ou fa, ba ñu dēge lōla, ne,
Ki nit ange ô Elijah.
48 Nōn' ak nōna kena chi ñom dou, jel ab
sponge, fêsal ko binegar, def ko chi sonka, te
joh̤ ko mu nān.
49 Ña cha des ne, Bayi ko; na ñu gis su
Elijah di ñou musal ko.
50 Yesu h̤āchôti be cha kou, te tago fit
am.
51 Ser i juma ja h̤otiku chi diga, cha kou
be chi suf; suf si yengatu; doch yu rey ya
h̤ar;
52 Bamel ya ūbeku; te i yaram i jūlit yu
bare ñu don nelou jog;
53 Gēna chi bamel ya ganou ndēkite am,
h̤araf chi bir deka bu sela ba, te fêñu i nit
jupa.
54 Saltige ba nak, ak ña nek' on ak mōn



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

di otu Yesu, ba ñu gise yengatu' suf sa, ak yef
ya am, ñu tīt lol, ne, Chi dega kile Dōm i
Yalla la.
55 Jigen yu bare taḫou fu sorey di sêt, ñu
top' on Yesu cha Galilee di ko bukanēgu:
56 Chi sēn digante la Mariama Magdalene
nek' on, ak Mariama ndey i James ak Joses,
ak ndey ī dōm i Zebedee.
57 Ba ngon jote, borom-alal ku juge on
Arimathæa, ka tūda Yusufa, te nek' on itam
tālube i Yesu:
58 Kile dem fa Pilate te dagān yaram i
Yesu. Fōfale Pilate eble ñu joḫ ko ko.
59 Yusufa jel yaram wa, lomas ko chi ser
wu set te wêḫ,
60 Te teral ko chi bamel am bu ês, ba mu
et' on chi ḫêr: mu borong doch wu rey chi
bunt' i bamel ba, te dem.
61 Mariama Magdalene ak menen Mariama
ma neka fa, di tōg fu jegeñ bamel ba.
62 Cha lelek sa nak, bes ba topa bes i wājte
ba, i njīt i seriñ ya ak Pharisee ya dajalo fa
Pilate,
63 Ne, Borom bi, Fataliku nañu ne nafeḫa
bōbale nôn na ba mu dund' on, Chi ganou
ñet' i fan di nā dēki.
64 Ebalal mbōk ne ñu otu bamel ba be chi
ñet' i fan; wala ḫēchna i tālube am di nañu
dika sacha ko, te ne nit ña, Defa dēki cha ñu
dē ña: kōn jūm gu muj ga di na gen a bon gu
jeka ga.
65 Pilate ne len, Am ngēn i otukat: dem
len, otu len ko lu ngēn mum.



Digitized by Google Original from HARVARD UNIVERSITY

66 Ñu dem, defar bamel ba bu bāh̤, kaste
doch wa, te otukat ya neka ak ñom.

## SAR 28

1 Cha muj i dimas ja, ba fajar di dôr chi
bes bu jeka ba chi ay i bes ba, Mariama
Magdalene ak menen Mariama ma ñou sêtsi
bamel ba.
2 Suf sa yengatu lol; ndege malāka i Borom
ba wacha cha asaman, dika roñ doch wa cha
bunta ba, te tōg chi kou am.
3 Kanam am mel na melah̤, te chol am wêh̤
niki njōr:
4 Ndig mōm otukat ya tīt be di dagdagi, te
mel niki ñu dē.
5 Malāka ma tontu jigen ya, ne, Bu len tīt:
ndege h̤am nā ne Yesu ngēn di ūt, ka ñu dāj
on cha kura ba.
6 Nekul file; ndege dēki na, chi naka mu
ko wah̤e won. Ñou len, sêt bereb bi fi ñu
teral on Borom bi.
7 Dem len bu gou, wah̤ i tālube am ne,
Dēki na cha ñu dē ña; te di na len jitu
cha Galilee; fōfale ngēn ko gise: mangi len
ko wah̤.
8 Ñu juge cha bamel ba bu gou chi tītay ak
kontan gu rey, te dou ndah̤ ñu yubu tālube ya
bāt ba.
9 Yesu feka len, ne, Mangi len noyu. Ñu
ñou, jap' i tank' am, te jāmu ko.
10 Yesu ne len, Bu len tīt: dem len wah̤



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

suma i mboka ñu dem cha Galilee; fōfale la
ñu ma gise.
11 Ba ño dem nak, ñena chi otukat ya ñou
chi bir deka ba, te nitali i njīt i seriñ ya la
h̤ew on yepa.
12 Ba ñu dajalô ak mag ña, te fēncha, ñu
may otukat ya h̤alis bu bare, ne,
13 Na ngēn ne, I tālube am a dik' on chi
gudi, te sacha ko ba ñu neloue.
14 Su kēlifa ga dēge lile, di nañu ko dalal,
te dindi len chi jāh̤le.
15 Ñu jel h̤ālis ba, te def la ñu len wah̤ on:
kadu gile fireku chi digante Yauod ya, neka
bentey.
16 Wande fuk' i tālube ya ak bena dem cha
Galilee, chi tūnda wa len Yesu wah̤ on.
17 Ba ñu ko gise, ñu jāmu ko: wande ñena
ña gumadi.
18 Yesu ñou fi ñom, te wah̤ len, ne, May
nañu ma kantan yepa cha ajana ak chi suf.
19 Dem len mbōk, def i tālube h̤êt yi yepa,
te batise len chi tur i Bay ba, ak Dōm ja, ak
Nh̤el mu Sela ma:
20 Di len jemantal ñu di dēncha lu mu mun
a don lu ma len ebal on: te mangi neka ak
yēn sā su neka, be cha muj i aduna.

UNWIN BROTHERS, LIMITED, THE GRESHAM PRESS, WOKING AND LONDON.



Digitized by Google
Original from
HARVARD UNIVERSITY

le i

n nc
ya

a, i

n c

dal

h c
" ne

m d

e ne

, M
suf.
i ye
ja.

u r
eka

D Lo

Digitized by Google

Original from
HARVARD UNIVERSITY